


# **NOUVO LAVI A NAN KRIS**

---

**Volim 2**



**Lòt etap  
fondamantal  
nan lavi  
kretyèn nan**

---

Men edisyon kreyòl volim 2, Nouvo Lavi a nan Kris

Manyèl orijinal la, se Legliz Evanjelik Sant-americkèn ak CAM Entènasyonal nan peyi Kosta Rika ki te konsevwa l, li te ekri nan lang espanyòl sou tit: NUEVA EN CRISTO. Manyèl sa a ekri nan lide pou bay yon baz solid ak lavi kretyèn nou.

An plis lide espesyal ki degaje anndan liv sa a, chak leson nan manyèl sa genyen yon seri ekzèsis pratik ki fè l vin plis itil pou lavi nou. Apenndis ou jwenn nan fen liv la genyen fèy pou ou koupe pou w ka kole nan bib ou. Se pou w itilize yo. Lè w fini ak volim 2, kontinye ak volim 3.

Li konseye pou reponn a tout kesyon nan chak leson pandan w ap bat pou w pa kopye egzateman menm pawòl ki ekri nan bib la. Se pou reponn ak pwòp mo pa w (sa k'a ede w konprann pi byen sa w ap etidye a).

Pou plis enfòmasyon :

Email: [mprcam@comcast.net](mailto:mprcam@comcast.net)

Ou kapab kopye sou òdinatè w yon kopi gratis nan liv sa nan paj wèb apre a :  
[www.newlifediscipleship.com](http://www.newlifediscipleship.com)      [www.nuevavidaencristo.org](http://www.nuevavidaencristo.org)

Dokiman an sou fòm PDF li mande pou genyen Acrobat Reader pou ka li l. Acrobat la se gratis ou kapab kopye l sou òdinatè w lè w fè :

<http://www.adobe.com>

Droits d'auteur 1993 © Mark Robinson  
Premye edisyon an kreyòl an 2014.

Dwa otè liv sa se Jezikri nan syèl la ki geyen l.  
Kopi kapab fè ladann l, ak kondisyon ou site sous orijinal li  
epi pa chanje anyen ni nan sa ki ekri anndann l ni nan fòm li.

Pwodwi pa Camino Global,  
avèk kolaborasyon Asosyasyon Evanjelik Sant-Amerikèn Kosta Rika  
( Asociación Evangelica Centroamericana de Costa Rica)  
8625 La Prada Dr., Dallas, TX 75228 USA

## **SOMÈ**

|   |    |
|---|----|
| Gid pou Fòmatè .....  | 4  |
| 1 <sup>er</sup> etap : Konnen Bondye .....                      | 6  |
| 2 <sup>èm</sup> etap : Kris, Modèl mwen .....                   | 8  |
| 3 <sup>èm</sup> etap : Yo rele ou pou w sèvi .....              | 10 |
| 4 <sup>èm</sup> etap: Kilès mwen ye nan Kris ? .....            | 12 |
| 5 <sup>èm</sup> etap: Konba espirityèl .....                    | 14 |
| 6 <sup>èm</sup> etap : Zam Bondye yo .....                      | 16 |
| 7 <sup>èm</sup> etap : Padone pou w ka lib .....                | 18 |
| 8 <sup>èm</sup> etap : Padone mwen .....                        | 20 |
| 9 <sup>èm</sup> etap : Nou rele pou n mennen yon vi apa .....   | 22 |
| 10 <sup>èm</sup> etap: Kretyen an ak lajan I .....              | 24 |
| 11 <sup>èm</sup> etap: Mwen ka fè I, men èske sa ap itil ?..... | 26 |
| 12 <sup>èm</sup> etap : Disèneman an .....                      | 28 |
| 13 <sup>èm</sup> etap : Pale sou Kris .....                     | 30 |
| 14 <sup>èm</sup> etap : Lavní .....                             | 32 |
| 15 <sup>èm</sup> etap : Plis sou lavní .....                    | 34 |



## GID POU FÒMATÈ A

1. Nou felisite w dèské w aksepte defi pou fè yon nouvo kwayan vin disip lè w sèvi ak manyèl « Yon Lòt Lavi nan Kris » kòm gid ou. Rezulta etid sa yo ap bay donn ki pap janm fini.
2. Toujou kite se bib la ki se otorite w lè w ap reponn kesyon yo. Se disip la li menm ki fèt pou chache pasaj yo nan bib la epi eseye reponn kesyon yo ki chita sou bib la.  
Gen kèk nouvo kwayan kap bezwen yon ti esplikasyon tou kout sou kòman pou yo jwenn referans yo nan bib la.
3. Manyèl sa a kapab itilize plizyè fason diferan. Nan anpil ka, w ap gen pou etidyé yon lesón chak semèn, ankouraje disip la fè tout devwa yo pou chak lesón.
4. Bat pou seyans yo pa twò long.
5. Ankouraje disip la reponn kesyon yo ak pwòp mo pa l. Bat pou disip la pa kopye ekzatemen menm pawòl ki ekri nan bib la. Sa ap ede l reflechi pi byen sou vrè sans pawòl l ap etidyé yo.
6. Bat se pa preche pou w ap preche. Poze l kesyon pito pou wè si l konprann, epi ankouraje l pou l patisipe avèk plis devouman.
7. Byen prepare w pou chak seyans ou pral fè. Kòm fòmatè, ou dwe fèt pou abitye ak tout sa ki gen anndan liv la, ak tout lide kle ki nan chak lesón.

Preparasyon w ap fè a dwe gen ladann lapryè pou disip la epi lapryè pou pwòp kè pa w pou ka byen dispoze pou lesón an.

8. Fè disip la panse sou angajman pratrik yo pou lavi l. Ede l pou l konprann bagay pratik ak espesyal pou l aplike yo.

Ekzèsis ki ankadre a kote chak lesón yo, chwazi pou sa menm. Se pou fè yo !

9. Ede disip la devlope lakay li abitid pou lapryè. Aprann li lapryè ou menm pandan n ap fè l ansam.
10. Li enpòtan pou n konprann ke fè disip se yon travay ki vo plis anpil pase etidyé 15 lesón ki nan « Yon Lòt Lavi nan Kris. » Fè disip pote ladann yon chanjman lavi pou disip la.

Manyèl sa se sèlman yon èd pou kòmanse. Disip la ap bezwen èd san rete pou l chache chanje karaktè l, fason l panse, abitid li yo, elatriye.

11. Li enpòtan nan dènyè limit pou disip la gen abitid tankou : li bib la chak jou, lapryè epi aprann vèsè pa kè nan bib la. Nan kòmansman chak lesón, se pou w pran tan pou fè revizyon vèsè l te gentan aprann pa kè yo, mande l kòman afè li bib li chak jou a ye.

Ou pa bezwen blame l si l pat gentan fin fè kèk devwa, men li nesesè pou ankouraje l pou l fè yo.

12. Se pou sansib ak tout sa Bondye fè nan lavi disip la. Pran tan a kote chak seyans pou reponn a nenpòt kesyon ki ta ka genyen, ou byen ede l pou l fè fas kare a pwoblèm li ta rankontre nan lavi pèsonèl li.


Konnen gen defwa ou pap gen tan fin touche tout kesyon ki nan lesón an, paske tan an ka twò pití. Nan ka sa a, se pou diskite kesyon ki pi enpòtan yo.

## Byenvini nan fanmi Bondye a!

Konpliman! Si ou te resevwa Kris la kòm Sovè pèsònèl ou, ou vin fèt yon dezyèm fwa nan fanmi Bondye a. Peche ou yo padone, epi kounyeya ou se yon moun nouvo ki gen lavi etènèl, paske:



« si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun ,  
bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay tou nèf ki pran  
plas yo kounye a » 2 Korentyen 5:17



Bondye fenk kòmanse transfòme lavi ou. Viv chak jou pa lafwa, konfye w nan Bondye, pandan li ap fè chanjman nan lavi ou. Pran pasyans epi rete tann ak lespwa. Yon gwo lavni ap tann ou!


Anvan tout bagay, sonje ke ou te sove pa gras Bondye se pa pwòp travay ou yo. Kòm moun ki kwè ou mèt kontinye viv pa gras li a. Pozisyon ou devan Bondye chita, epi ap toujou chita sou sa Kris la te fè pou ou sou lakwa a, pa sou sa ou fè pou Bondye. Lavi kretyen an se yon lavi ki depann sou Bondye. Mete konfyans ou nan li pou delivrans ou, epi tou, pou w kapab viv lavi ou chak jou ak pwisans. Olye pou w ta dekoraje, si ou ta tonbe nan peche, vire je ou gade Jezi sou lakwa a. Sa li te fè a se sèl lespwa pou restorasyon w ak lavikta w. Konsa, toujou depann de li pou l ka kontinye padone peche ou yo. Lè ou rekonèt devan Bondye ou peche, epi ou repanti. Li fidèl pou li netwaye ou epi fè ou retounen nan yon bon relasyon ak li ankò .

## Egzèsis pou ede w grandi !

Kòm yon moun ki fenk kwè, wap kòmanse yon relasyon ansanm ak Kris la ki pral grandi toutotan ou ap swiv li. Aprann suiv li a rele disip. Gen kèk egzèsis ki pral ede w vin fò kòm yon nouvo kretyen. Plis w'ap mete yo an pratike, plis w'ap vin pi djanm .



- Kris la vle poto mitan nan lavi ou. Desann ou devan l toutan, kite l' kontwole tout pati nan lavi ou.
- Priye pandan tout jounen an, chak jou. Lapriyè se sèlman pale ak Bondye.
- Li Bib la chak jou. Anvan ou kòmanse di Bondye : "Men mwen, Senyè, Mwen pare pou m tande vwa ou sou sa ki ekri nan pawòl ou yo."
- Chèche yon legliz ki prèche pawòl ki ekri nan Bib la. Lòt moun ki kwè yo se nouvo fanmi ou.
- Kite dèyè do w vye monn peche sa kote ou te ye a. Mande Bondye ede w pou kanpe fèm devan tantasyon ak ede w fè nouvo zanmi.
- Lè ou fè peche, konfese peche a bay Bondye e resevwa padon li ofri ou a. Ou pa bezwen kontinye santi ou kondane oswa wont, paske li padone ou e li remete w kanpe nan total zanmitay ak li, menm si ou santi ou pa merite sa.
- Pale lòt moun yo de Kris la. Montre yo konpasyon w pou yo paske yo tankou yon bann mouton san gadò.
- Lè ou fini volim sa a, kontinye ak lòt volim yo ki nan nouvo lavi nan Kris la. Si ou pa konnen kote pou jwenn yo, ou ka pran yo gratis nan sit entènèt sa a: [www.newlifediscipleship.com](http://www.newlifediscipleship.com)



## 1<sup>er</sup> etap Konnen Bondye

Reponn pa VRE (V) ou FO (F)

\_\_\_ BonDye se yon Bondye pèsonèl kap pran swen mwen.

\_\_\_ Mwen ka konn Bondye nan non yo ba li yo.

\_\_\_ Pou konn Bondye, li sifi pou n priye ak li bib la.

Pou konnen yon moun, li nesesè pou w pase anpil tan avèk li. Se menm bagay la pou Bondye. Pou w pi byen konnen, fòk ou pase anpil tan avè li.

### YON BONDYE PÈSONÈL

Bib la ansenyé nou ke Bondye se yon Bondye pèsonèl e non pa yon Bondye, ki twò lwen nou, ki separe ak nou nan syèl la; li tou pre nou ; li enterese ak lavi nou, li enterese ak sa kap rive nou.

1. Sòm 139:1-3 Kisa Bondye konnen sou nou ? \_\_\_\_\_

2. Lik 5:18-20 Yon jou, pandan Jezi tap ansenyé foul la kèk moun te mennen ba li yon zanmi yo ki te paralize pou l te geri l. Ti koupe pawòl nan bouch li sa a pat deranje l ditou. Okontré, li pran tan pou l satisfè bezwen nonm sa a. Ki 2 jès Jezi te fè pou nonm paralize sa a? Vèsè. 20, 24

3. Lik 5:30-32 Yo te kritike Jezi lè l te envite yon pèseptè kontribisyon magouyè yo te rele Levi pou l swiv li. Poukisa? v. 29-30 : \_\_\_\_\_

Kouman l te reyaji ak fòm kritik sa yo? v. 31-32 \_\_\_\_\_

4. Lè w fin li vèsè sa yo, èske w panse Bondye enterese ak lavi w pèsonèlman, menm si w te gaspiye l? Oui  Nno  Poukisa ?

5. Kouman w'ap rive konnen Bondye pèsonèlman?

Jan 5:39 \_\_\_\_\_

Jeremi 33:3 \_\_\_\_\_

Bondye toujou prè pou l konnen lajwa ak laperèz nou yo ki pi sekrè pou l ka reponn rèl detrèz nou yo. Sa ka rive nou santi n pou kont nou, men an reyalite nou pa janm pou kont nou vre.

### KONNEN BONDYE, SE

Bondye toujou ap chache yon relasyon damou avèk nou chak. Nan tan lon tan lèzòm te rive konnen Bondye atravè non l yo, tit li yo ak atribi l yo.

### KISA M KA FÈ ?

Eske w bay tan w pou w konnen Bondye pèsonèlman?

Wi  Non

Si w reponn non, èske w dispoze pou kite yon tan pou etidye bib la chak jou epi lapriyè nan lide pou k'a konnen l pi byen?

Wi  Non

Se la a ki yon angajman enpòtan. Se jodia pou w koumanse ! Aprann konnen moun ki renmen w epi ki bay lavi l pou ou.

Dat \_\_\_\_\_

Siyati \_\_\_\_\_



**Senyè,  
mwen vle  
konnen w**

### AFÈMISMAN

Li Sòm 1-7 semèn sa a (yon chapit chak jou).

Aprann pa kè  
Jan 5:39



"N'ap plede etidye sa ki nan liv la, paske nou mete nan tèt nou nou ka jwenn lavi ki pap janm fini an ladan li. Men, se liv sa a menm ki pale sou mwén »

## REFLECHI SOU SA

Semèn sa a, medite sou lis anba a ki bay kèk non yo bay bondye. Si youn nan non sa yo vle di kichòy pou ou pèsonèlman, make l epi di Bondye mèsi paske l pèmèt ou medite sou aspè sa a nan karaktè l ki fè w byen anpil.

- Bon gadò (Jan 10:11)
- Espwa mwen (Sòm 71:5)
- Twou wòch mwen (Sòm 18:2)
- Ranpa mwen (Sòm 18:2)
- Delivrans mwen (Sòm 18:2)
- Defans mwen ( Sòm 18:2)
- Moun k ap sove m lan (Sòm 18:2)
- Kote pou m kache a (Sòm 32:7)
- Fidèl epi vre (Revelasyon 19:11)
- Jij ki dwat la (2 Tim. 4:8)
- Medyatè a (1 Tim. 2:5)
- Lapè nou an (Efesyen 2:14)
- Pen lavi a (Jan 6:35)
- Prens lapè a (Ezayi 9:6)
- Redanmtè mwen (Sòm 19:14)
- Papa ki gen kè sansib la (2 kor. 1:3)
- Souvren sakrifikatè (Ebre 4:14)

## TAN POU W PRAN DESIZYON

Si w te aksepte kris kòm sovè w, ekri dat la anba (si w konnen l):



Si w poko aksepte Kris, èske w vle fè sa kounye ya ? Wi  Non

### Men kouman w ka aksepte Kris :

1. Rekonèt ou se yon pechè. Pa kache sa ankò.
2. Deside pou w separe ak peche a. Tounen vin jwenn Bondye (Repanti).
3. Aksepte Kris te mouri pou peche w yo epi l te resiste.
4. Mande Jezi pou l efase peche w, pou l vini nan kè w epi pran kontwòl lavi w.

N ap konseye w priyè sa a :

Mwen rekonèt mwen se yon pechè epi m bezwen padon w. M kwè ou te mouri pou peche mwen yo epi w te resiste nan lanmò. M vle abandonne peche m yo pou m viv yon lavi sen. Vini nan kè mwen epi tounen sovè mwen. Mwen vle swiv ou kòm Seyè m. mèsi paske w sove m. Amén.

Dat \_\_\_\_\_

6. Ki non ki te itilize pou Bondye nan Jenèz 17: 1? \_\_\_\_\_

Lefèt ke ou konnen Bondye toupisan sa sa vle di nan lavi nou? \_\_\_\_\_

7. Kouman yo rele Bondye nan Ezòd 34:14? \_\_\_\_\_

Poukisa li jalou? v. 14-15 \_\_\_\_\_

Idolatri se lè nou mete yon bagay oubyen yon moun nan yon plas ki se plas Bondye nan lavi nou. Se gen dwa fanmi nou, espò, travay nou, zanmi nou, elatriye.

Tyeke bagay ki ranplase Bondye nan lavi ou :

- Travay la     fanmi     zanmi     lajan     Espò
- Television, Videos     relasyon fanm ak gason
- mizik la     Entènèt     abitid yo     Lòt \_\_\_\_\_



8. Efezyen 2:14 di ke Bondye \_\_\_\_\_

Pou ou, sa sa vle di : Li se lapè nou ? \_\_\_\_\_

9. Nan Sòm 23 Bondye rele gadò nou ; premye travay li se pran swen mouton yo. Li sòm sa a pandan nou ap ekri pwomès ki nan chak vèsè sa yo.

v. 1 \_\_\_\_\_

v. 3a \_\_\_\_\_

v. 3b \_\_\_\_\_

v. 4 \_\_\_\_\_

v. 6 \_\_\_\_\_

10. Lè w ap li vèsè sa yo, kisa ki vin nan lespri w ak nan kè w ? \_\_\_\_\_

• Bondye rekonfòte ou. Eske ou prè pou w aksepte rekonfò li oubyen eske ou prefere ap kriye sou sò ou? \_\_\_\_\_

• Gadò a fè ou mache nan chemen dwat la. Kouman mach ou ye ? Eske l dwat? Wi  Non

• Ki chemen w te abandone? Eske w santi w an pè lè w ap panse ak lavi w te chwazi a ? \_\_\_\_\_

• Eske w kwè Bondye enterese avè w ? Wi  Non

• Eske w panse w'ap reyèlman vin konnen Bondye ? Wi  Non

• Eske w pare pou w kontinye etidye bib la chak jou pou w k'a konnen Bondye? Wi  Non

Medite sou Kiles Bondye ye etan w ap itilize èd nan kolòn goch la sou ribrik « REFLECHI SOU SA »

## 2<sup>èm</sup> etap

# Kris, modèl mwen



Kris se, epi ap toujou pi  
bon modèl ke tout moun t'a dwe swiv.

Li montre li pafè nan tout bagay, se sèl moun a travè lavi li ak pawòl  
li yo ki ka di « Mwen se chemen an ». Oubyen ankò «swiv mwen ».

1. kilès k'ap viv nan ou? Galat 2:20 \_\_\_\_\_  
Si Kris ap viv nan ou, kouman ou t'a dwe viv kounye ya ? \_\_\_\_\_

### LANMOU

2. Kòman Jezi montre lanmou? Rom. 5:8 \_\_\_\_\_  
Lanmou li nan vèsè sa se:  
 San kondisyon (li renmen nou kèlkeswa moun ou ye oubyen sa nou fè).  
 Kondisyon (li renmen nou sèlman lè nou fè sa ki byen).
3. Jan 15:13 «pa gen pi bon fason pou ou montre jan ou renmen zanmi ou lè  
ou \_\_\_\_\_ pou yo
4. Jodi a èske yo rele nou pou nou fè sakrifis tou ? \_\_\_\_\_  
Renmen jan Jezi vle l la mande pou'n dispoze a sakrifye tèt nou pou lòt yo. Sa  
pa vle di nesesèman pou n mouri pou yo, men ba yo tan nou, tandé yo, ede  
yo, ankouraje yo nan lit y'ap mennen, elatriye...
5. Kòman lòt moun yo pral arive konnen ou se vrè disip Kris la? Jan 13:34-35  
\_\_\_\_\_

6. Kòman nou kapab rete nan lanmou Kris la? Jean 15:10 \_\_\_\_\_

### IMILITE AK SÈVIS

7. Kisa nou kapab aprann sou Kris? Mat 11:29 \_\_\_\_\_
8. Li Filip 2:5-8. Kris etan ke Bondye li tap viv anlè nan syèl la byen lwen tout mal  
ki nan monn lan, vèsè 7 la montre ke li desann byen ba pou l pran fòm  
yon \_\_\_\_\_. Kisa sa vle di domestik ? \_\_\_\_\_
9. Ekspresyon maksimòm imilite Kris la se te lanmò li sou lakwa (v.8). Kloure sou  
lakwa pa selman gen doulè, men se te yon wont. Li te mouri nan mitan de (2)  
vòlè tou touni. Li t'ap soufri de moun yo ki t'ap pase l nan betiz. Li te mouri  
sou lakwa kòm si se te yon kriminèl, byen ke li se wa.

Reponn pa VRE (V) ou FO (F)

- \_\_\_\_ Jezi toujou renmen nou, ke nenpòt sa nou fè
- \_\_\_\_ Nou aple pou n fè sakrifis pou n sèvi lot yo
- \_\_\_\_ Di a yon moun l'ap mennen yon movèz vi se montre ou  
pa gen tolerans ak pa fè sa ki byen

### POU MEDITE

Kris te fè volonte Papa I. Déske  
mwen se pou li, kòman mwen ka  
onore l nan lavi m ?

---

---

---

---

### POU REFLEKSYON PÈSONÈL OU



Kris te konn priye  
Papa I anvan jou  
kase. Èske ou priye  
Bondye

---

---

---

---

### POU KONTINYE TRAVAY LA


Nan lis anba tyeke bagay ou prè  
pou w angaje w yo :

- Mwen pral priye chak jou  
pou m mande l pou m ka  
toujou sanble ak Jezi pi plis.
- Mwen pral chache fè volonte  
Bondye nan li pawòl la ak  
nan lapriyè.
- M ap soumèt mwen devan l  
chak jou. M ap ba li kontwòl  
tout sa k nan mwen.

## SIJÈ REFLEKSYON

Èske gen kék atitud ki anpeche nou swiv egzanz Kris yo, jan nou te wè l nan lesan sa a ?

Tyeke nan lis  
anba a, bagay  
ki anpeche w  
mennen yon lavi  
de soumisyon ak  
bay sèvis




- Sousi pou tout bagay.
- Difikilte pou m padone lòt moun.
- Ògèy
- Manke pasyans pou lò moun.
- Difikilte pou m renmen lòt moun.
- Alouzi.
- Lanvi.
- Egojis.
- Fè kòlè.
- Manke sekrè,
- Enpridans.
- Move panse, lide sal.
- Rete ensansib devan bezwen lòt moun.
- Matchis (dominasyon gason sou fanm)
- Kék lot

---

---

## AFÈMISMAN

Li Efezyen 1- 6 ak  
Sòm 8 semèn sa  
(yon chapit pa jou).



## Aprann pa kè Mat 11:29

«Pran jouk mwen, mete l sou zepòl nou. Pran lesan nan men mwen. Paske mwen dou, mwen toujou soumèt mwen tout bon devan Bondye. Konsa, n'a viv kè poze».

Vèsè 5 la di se pou nou kopye imilite Kris la, kòman? v. 3-4 \_\_\_\_\_

10. Selon Lik 6:31, ki youn nan pi bon fason nou ka sèvi lòt yo ?

## KONPASYON

11. Selon Mat 9:35-36, kè Jezi te \_\_\_\_\_ lè li te wè bann moun sa yo. Poukisa ? \_\_\_\_\_

12. Kijan w gade moun ki pa konvèti yo ki bò kote w? Èske l pi fasil pou t'a critike yo, olye pou kè w t'a fè w mal pou yo? \_\_\_\_\_

13. Farizyen yo ap chache pran Jezi nan pèlen, yo pote ba li yon fanm yo pran nan adiltè. Dapre Moyiz, y'ap mande Jezi èske yo kapab kalonnen l ak kout wòch; Jezi reponn : « se pou moun ki konnen l \_\_\_\_\_ ba l premye \_\_\_\_\_ » Jan 8:7

14. Nan ki fason atitud Jezi anvè fanm sa a diferan ak pa nou jounen jodi a lè nou wè yon moun ap viv nan peche? Jan 8:10-11 \_\_\_\_\_

15.  Vri  Fo : Montre pechè yo ke nou gen kè sansib pou yo se yon mwayen pou n fasilité yo oubyen kache move kondwit yo

Byen ke li te montre kè sansib li gen pou li, Jezi te menm tou di l :  
« ale \_\_\_\_\_. » v. 11

Vrè kè sansib la diferan ak «tolerans». Li pouse nou egzòte nan lanmou moun ki fè sa ki mal la, men pa tolere kondwit li.

## KOURAJ POU GOUVERN AK LEMAL

16. Kòman Jezi te kontrekare ipokrizi Farizyen yo? Mat. 23:27

17. Fòk yon moun gen kouraj pou l denonse ipokrizi ak lenjistik. Eske l bon pou yon moun ret kache dèyè agiman ki di? «Mwen pa vle blese pèsonn moun»?

## PRIYÈ

18. Ki egzanz Jezi te ban nou nan Mak 1:35? \_\_\_\_\_

Èske w panse li bon pou w priye byen bonè lèmaten? \_\_\_\_\_

19. Yon lè Jezi t'ap priye tout lannwit anvan t'al pran yon gwo desizyon.  
Ki bagay enpòtan sa a, li t ap priye pou li a? Luc 6:12-13

Bondye ap tann pou ke chak moun ki kwè nan li chache fè volonte l nan tout desizyon ke l'ap pran. Se pou sa li enpòtan pou nou note ke Jezi pa egzate-man priye lè li bezwen pran kék desizyon, men tou pou l chache rete an kominyon ak Papa l ?

### 3<sup>èm</sup> etap

## Yo rele nou pou n sèvi



### SWIV JEZI KÒM EGZANP

Sèvi fè pati lavi n'ap mennen nan kris la, men se pa tout moun ki konnen sa sa vle di sèvi. An nou gade sa Jezi te fè pou montre disip li yo enpòtans sèvis la genyen.

- Li Mat 20:26-27 epi ranpli espas vid yo. Okontré si yonn nan nou ta vle vi \_\_\_\_\_ se pou'l \_\_\_\_\_, epi si yonn ta vle \_\_\_\_\_ se pou'l \_\_\_\_\_.

Moun kap chache pwòp enterè pa yo ak sa ki bon pou yo pap janm jwenn bon bagay lap chache a. Kris te montre ke sa yo ki blye tèt yo pou yo sèvi lòt yo se yo ki reyisi.

- Dapre ou menm kisa sa vle di «domestik» lòt yo? \_\_\_\_\_

Bay sèvis ou, se sakrye w, men se yon sakrifis ki mache ak kontantman. Se plis ke yon fado, sèvis ki gen sakrifis sa a se yon privilèj.

- Pi bon egzant pou swiv la se sa Kris bay nan Mat 20:28.  
Li pa vini pou \_\_\_\_\_ men li vini pou \_\_\_\_\_ epi li vini bay \_\_\_\_\_ pou peye delivrans anpil moun.
- Bay yon egzant pou montre kòman ou kapab «bay lavi w» pou sèvi lòt moun: \_\_\_\_\_

### ITILIZASYON KADO OU YO

Bib la di nou Bondye bay kado espirityèl yo a chak manm nan legliz li a. Yon «kado espirityèl» se yon kapasite espesyal kap pèmèt nou kontribye nan edifikasyon legliz la ak pou legliz la grandi.

- Ki kreyen ki te jwenn kado espirityèl sa yo? 1 Kor. 12:7 \_\_\_\_\_  
Travay Lespri Bondye a nan ka sa gen pou wè ak kado espirityèl
- Kado espirityèl ou yo dwe sèvi ak kisa? 1 Pyè 4:10 \_\_\_\_\_

Se nan Bondye kado sa yo soti epi yo pa la pou nou fè pwòp tèt nou plezi, men yo la pito pou fè lòt kreyen yo grandi.

Li Wom.12:3-5 epi reponn ak kesyon sa yo:

- Kòman mwen dwe konsidere tèt mwen? v. 3 \_\_\_\_\_
- Legliz la se kò Kris ki konpare ak kò moun . Vèsè 5 la di ke nou \_\_\_\_\_, men nou fè \_\_\_\_\_ ak Kris la. Ki donk chak kreyen dwe chache fè yon sèl pou sèvi lòt moun.

Reponn pa Vrè (V) ou Fo (F)

- \_\_\_ Sèl mwayen pou sèvi Bondye se gen yon pòs nan legliz la.
- \_\_\_ Kretyen ki pi djanim yo se sa ki konn preche yo.
- \_\_\_ Chak kreyen gen posiblité ak kapasite pou sèvi.

### POU MEDITE



Fè yon lis don espirityèl ou panse ou genyen yo epi rakonte trè kout kòman ou kapab itilize yo nan legliz ou ak nan kominote w la.

---

---

---

---

---

Pale avèk pastè w, montre li lis la epi mande li kòman ou kapab itilize don espirityèl sa yo.



### REFLEKSYON

Legliz la konpare avèk kò lòm. Èske sa k'onn rive ou déjà pou dwèt gwo pou s ou ap fè w mal epi ou vin pa kapab sèvi ak men ou? Ou vin santi w paka sèvi byen ak men an pa vre? Kidon, imajine pou wè kòman legliz la parèt enfim lè manm li yo pa fè don yo a travay.

Kòman sa touche lòt kreyen yo lèw pa itilize kapasite ke Bondye ba ou yo?

---

---

---

---

---

**POU ALE PI  
LWEN**

koman'n ka  
rekonèt yon  
moun kap sèvi  
kris ?

Etidyé pasaj sa yo epi make  
atitud sèvitè ki sinyale nan  
yo chak.

Filip. 2:3-4

---



---



---

1 Korent. 10:31

---



---

Kolos. 3:23-24

---



---

**AFÈMISMAN**

**Li kolosyen 1-4 ak  
Sòm 9-11 semèn sa**  
(yon chapit pa jou).

**APRANN PA KÈ  
Matye 20:27-28**

«...si youn nan nou ta  
vle chèf, se pou'l esklav  
nou tout. Se konsa mwen  
menm, moun Bondye voye  
nan lachè a, mwen pa vini  
pou moun rann mwen sèvis,  
men mwen vini pou m rann  
moun sèvis. Wi, mwen  
vin bay lavi m pou peye  
delivrans anpil moun.»

9. Vèsè 4 la di nou gen \_\_\_\_\_ manm nan yon sèl kò, men chak manm gen \_\_\_\_\_ Kòm gen divès kalite don, èske n t'a dwe ap bay tèt nou pwoblèm, paske nou tout pa gen menm don?
10. Ki jan de moun ki pi enpòtan nan legliz ou a?  
 Moun kap ansenye yo     Mizisyen yo     Pastè a     Tout moun enpòtan.
11. Selon 1 Kor. 12:20-22, èske gen kèk manm nan legliz la ki pi enpòtan pase lòt ? \_\_\_\_\_. Poukisa? \_\_\_\_\_

Pou sa ki gen a wè ak don espiriyèl yo, pa gen rezon pou yon moun ap ni monte tèt li ni pote jalouzi sou lòt. Moun ki pote jalouzi sou don yon lòt genyen se moun ki poko konprann mesaj ki nan vèsè sa yo. Bondye te gen tan prevwa divès kalite travay pou divès kalite kretyen. Gen kèk moun kado Bondye ba yo a, vrèman parèt aklè; se menm jan ak moun sa yo ki kanpe sou chè kap preche ak ansenye, men anpil lòt moun ki gen kado ki enpòtan tou, byenke kado sa yo pa fin parèt aklè lè y'ap itilize yo.

Nan yon lot fason moun kap vante tèt yo sou zafè kado espirityèl yo a poko konprann ke se Bondye ki bay pèp li an (plizye) kado espirityèl yo. Yo tout gen menm enpotans, menm si gen ki mwens vizib ou mwens parèt aklè.

Yon lòt kote, sa yo k'ap vante tèt yo sou zafè don ke yo genyen poko konprann ke Bondye te bay pèp li a divès kalite don epi yo yonn yo lòt, yo tout yo gen menm enpòtans, men si genyen moun pa fin wè epi ki pa fè anpil bwi.

12. Pasaj sa yo bay lis yon pakèt kalite don espirityèl tankou moun ki resevwa don pou I fè yon travay, don pou I montre lòt anpil bagay, don pou I bay ankourajman, don pou I bay nan sa li genyen, don pou dirije, don kè sansib, don pou evanjelize ak pran swen moun, elatrye....(Efez. 4:11; Wom. 12:6-8; 1 Kor. 12:7-10, 28-30).
13. Kòm nou te wè I, tout kretyen pa genyen menm don. Poukisa li enpòtan poun nou konprann sa ? \_\_\_\_\_

Pa janm mete tèt ou apa nan kò Kris la. Legliz la ap avanse si nou chak itilize don nou yo pou ke nou tout ansanm nou fè yon sèl kò ki konplè epi ki an bon sante.

14. Nan ki nivo yon legliz kapab afekte (gen pwoblèm) lè manm li yo pa itilize kado Sentespri ba yo a ? \_\_\_\_\_

**KOMAN'M KA KONNEN KADO ESPIRITYÈL MWEN YO?**

Pi bon fason pou w ka vin konnen kado sa yo, se pote èd ou tout kote'w wè ki nan bezwen. Aprè ou fin pote èd ou nan plizyè ministè yo, ou pral kapab wè nan kisa w pi bon, epi nan kisaw ou genyen feblès. Koute konsèy kretyen ki gen matirite k'ap gade ki kote w fò ak kote ou fèb.


15. Kisa ki kado espirityèl ou yo selon ou menm ? \_\_\_\_\_

**ANN REZIME**

- Bib la ensenye tout kretyen la pou sèvi moun, men se pa rete chita pou moun sèvi yo.
- Bondye ban nou kado yo pou n kafè legliz la grandi, nou bezwen fè kado yo travay.

## 4<sup>èm</sup> etap

# Kisa m ye nan Kris?



Reponn pa Vrè (V) ou Fo (F)

- \_\_\_ Kounyea mwen se kretyen, mwen se manm yon nouvo fanmi.
- \_\_\_ Nou gen yon plas ki trè espesyal nan Kris.
- \_\_\_ Mwen baze m sou bib la pou'm ka monte tèt mwen plis pase sa m ye a.

Li vrèman enpòtan pou nou konprann pozisyon nou nan Kris, paske lènmi nou an, Satan, se yon gran mèt dam epi lap chache taye zèb anba pye nou pou I fè nou aksepte vye lide sou nou menm, pou I ka mennen nou nan echèk espirityèl. Èske vrèman nou genyen yon pozisyon espesyal nan Kris oubyen se pito yon rèv ki pa reyalite? Kisa Bib la di?

### MWEN SE PITIT BONDYE

1. Di kisa ekspresyon sa vle di « Tout sa ki te resevwa'l yo » jan 1:12
- 

2. Kisa ki pase lè nou resevwa Kris ?
- 

Timoun yo gen yon plas espesyal nan fanmi an, sitou lè fanmi sa, se yon fanmi ki nan Bondye.

### MWEN SE TANP BONDYE

3. 1 Korent. 6:19 di chak kretyen se yon tanp oubyen se kote Bondye abite. Selon vèsè sa, kisa k'ap viv nan chak kretyen?
- 

4. Nan vèsè sa, kisa ekspresyon sa vle di «nou pa mèt tèt nou ankò»?
- 

5. Si Bondye Sentespri a abite nan nou, èske Satan ka fè sa I vle avèk nou?

1 Jan 4:4 Wi  Non  Pourquoi ?

---

### MWEN SE YON MOUN SEN, KI RELE POU MWEN SEN

6. Ak ki moun «sen» sa yo Pòl t'ap pale nan Filipyen 4:21 ?
- 

7. Nan 1 Kor. 1:2, Pòl te ekri ak sa yo Bondye te rele pou \_\_\_\_\_ nan Kris, «sanktifye» souzantann ke chak kretyen vin sen, non akoz de efò pa I, men se akoz travay Kris fè nan li. Sanktifye vle di mete nou apa nan sa ki gen pou wè ak jan lemond ye, pou'n ka viv pou Bondye.

### MWEN SE MANM KÒ KRIS LA

8. 1 Korent 12:27. «Nou tout \_\_\_\_\_ epi nou chak se yon manm nan kò sa a.» Lè nou aksepte Kris, nou batize nan Sentespri a, se sak fè nou ka di nou se manm kò li a (1 Korent. 12:13). «Kò Kris» la se legliz inivèsèl ki genyen tout kretyen ki nan lemonn (Efez. 1:22-23)

### DEVWA

Chak jou nan semen sa, li yonn oubyen plizyè nan vèsè sa epi reflechi nan ki pozisyon w okipe nan Kris :

- 2 Korent. 5:17
- Wom. 6:1-11
- Wom. 6:12-23
- Jan 15:1-5
- Jan 15:15
- Galat 4:6-7
- Efez. 2:4-7
- Filip. 3:20
- 1 Pyè 2:1

Aprè nou fin  
reflechi sou  
vèsè sa yo,  
kisa w panse  
sou pozisyon  
w nan kris la ?



### REFLECHI SOU SA

Paske mwén konprann pozisyon'm nan Kris, sa ap ede'm nan omwen twa bagay nan lavi mwén

- Sa ap ede'm kenbe yon bon jan imaj moun mwén ye a ki chita sou veritab idantite m epi sou sa Bondye panse sou mwén.
- Nan mennen yon vi ki dwat chak jou, mwén pral konprann kléman plan Bondye pou lavi mwén.
- Mwén pral fò, nan batay map mennen kont Satan, lemond ak lachè

## REFLEKSYON



A kisa fanmi ou te sanble lè w te piti?

Eske w te jwenn bagay sa yo?

|               |                             |                              |
|---------------|-----------------------------|------------------------------|
| Lanmou        | Wi <input type="checkbox"/> | Non <input type="checkbox"/> |
| Soutyen       | Wi <input type="checkbox"/> | Non <input type="checkbox"/> |
| Konpreyansyon | Wi <input type="checkbox"/> | Non <input type="checkbox"/> |
| Ankourajman   | Wi <input type="checkbox"/> | Non <input type="checkbox"/> |
| Sekirite      | Wi <input type="checkbox"/> | Non <input type="checkbox"/> |

Si ou pat jwenn lanmou ak sekirite lè w te piti, tout sa se bagay pase. Jodi a ou gen yon nouvo fanmi nan Kris. Priye Bondye pou l debarase w de tout vye tritès ou yo epi di Bondye mèsi pou manm nouvo fanmi w yo.

## AFÈMISMAN

Li Mat. 1-7

semèn sa

(yon chapit pa jou).



Aprann pa kè Kolosyen. 3:1

Nou menm ki déjà leve soti vivan ansanm ak Kris la nan lanmò, se pou nou chache bagay ki anwo nan syèl la kot Kris la chita sou bò dwat Bondye.

9. Selon Efez. 2:19, nou pa etranje ankò..... men se sitwayen nou ye, ansam ak tout moun nan pèp Bondye a, nou fè pati \_\_\_\_\_.
10. Si nou fè pati fanmi Bondye a, sè ke lòt kreyen yo se \_\_\_\_\_.
11. Panse ak fason yon fanmi ap fonksyone. Kisa sa vle di pou ou, genyen yon lòt fanmi ? \_\_\_\_\_.

Si ou fèt nan yon fanmi ki gen pwblèm kote ki pa gen lanmou ak afeksyon yo, konnen kounye ya ou gen yon lòt fanmi kap ede ou.

## MWEN MOURI ANNEGAD PECHE

12. Galat 2:19-20 di nou mouri \_\_\_\_\_.  
Kisa sa vle di, «mouri klosure ansanm ak Kris»? kontinye gade rès vèsè a pou w ka reponn \_\_\_\_\_.
13. Kolosyens 3:1 Non sèlman nou te mouri klosure ansanm ak Kris la sou kwa a, men tou nou te \_\_\_\_\_ ansanm ak Kris la nan lanmò. Kounye la kòman nou ta dwe viv ? v. 1 \_\_\_\_\_.
14. Ekspresyon ki di «bagay ki anwo nan syèl la» t'a vle pale de kisa? \_\_\_\_\_.


## MWEN CHAPE ANBA KONDANASYON

15. Wom 8:1 Nan pren \_\_\_\_\_ pou moun kifè yon sèl kò ak Jezikri.
16. Wom. 5:1 kounyeya Bondye \_\_\_\_\_ paske nou gen konfyans nan li. «Jistifye» vle di ke se Bondye ki deklare nou jis paske Kris te mouri nan plas nou.  
Anpil kreyen toujou mal pou kwè ke Bondye kapab padone yo reyèlman, y'ap di peche yo twò anpil pou yo ta jwenn padon. Finalman yo toujou kontinye santi yo koupab; sa ki anpeche yo jwenn laviktwa nan Kris. Se poutèt sa de (2) vèsè sa yo vrèman enpòtan, yo mete nou lib.

## MWEN SE YON MOUN ESPESYAL

17. Selon 1 Pyè 2:9, kisa nou ye kounyeya nan Kris?  
• \_\_\_\_\_ • \_\_\_\_\_  
• \_\_\_\_\_ • \_\_\_\_\_
18. Kisa sa fè pou ou, lè'w konnen ou gen yon plas espesyal nan Kris?  
\_\_\_\_\_
19. Pliske l fè anpil bagay pou mwen, kòman m ta dwe mennen lavi m ?  
2 Korent 5:15 \_\_\_\_\_

## 5<sup>èm</sup> etap Batay Espirityèl



Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- Dyab la atake tout kretyen yo lè li toujou mete devan yo tout peche yo te fè.
- Satan sèvi ak manti pou manipile nou ak entimide nou.
- Tout kretyen yo otomatikman pwoteje kont satan.

1. Efez. 6:12 pale de yon batay. Selon vèsè sa, se pa ak \_\_\_\_\_, men se ak \_\_\_\_\_

2. Daprè ou memm kisa ki «otorite k'ap gouvènen nan fè nwa sou latè» ak «pouvwa» sa yo ye? \_\_\_\_\_

3. Kisa Satan ap eseye fè nou ? 1 Pyè 5:8 \_\_\_\_\_  
Ki atitid kretyen an dwe genyen? v. 9 \_\_\_\_\_

### Kilès ki lènmi nou?

Gen kèk moun ki pran Satan pou yon ti komik, ki abiye an wouj avèk kòn ak yon ke. Posib se Satan limenn ki vini ak tout vye lide sa yo, paske Bib la prezante Satan nan yon lòt fason diferan. Satan ak tout akolit li yo, demon yo, yo se zanj ke Bondye chase yo. Satan se te yon cheriben, ki te bon ak bél jouk lè li te vin fè rebèl kont Bondye (Ezékyl 28:14-15). Depi lè sa, li se yon lènmi ki deklare Bondye ak pèp Bondye a.

### APWOFONDISMAN

Dyab la sèvi ak manti pou entimide ak tworpe pèp Bondye a, yon fason pou'l ka egare yo.

Bay yon lis de kèk manti ke satanesye itilize nan lavi ou

### TAKTIK LÈNMI AN

Satan Itilize anpil taktik, selon moun nan oubyen sitiyasyon ki parèt devan l nan. Pafwa li aji ouvètman nan fè sa ki mal tankou malveyan ak fè maji. Men pi souvan, li travay anpil anba anba, yon fason pou'n ka mal pou detekte sa l'ap fè. Plis nou konnen taktik li yo, se pi bon n'ap kapab kenbe tèt ak li.

4. Li Detewonòm.18:10-12. Kisa pasaj sa di sou zafè divinò a, sòsèlri, maji elatriye....? \_\_\_\_\_ v. 12

Divinò a se lè nap chache konnen yo itilize maji ak siy pou yo kapab predi sak gen pou rive ak bagay ki kache. Divinò yo oubyen ougan yo itiize kèk bagay tankou owoskòp, kat, elatriye. Pafwa yo pretann yo ka li panse moun.

5. Selon 2 Tesalonisyen 2:9, kèk sèvitè Satan yo pral aji avèk \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_.

Satan sèvi ak pouvwa espesyal li yo pou manipile, entimide, epi pou fè moun kwè ke yo paka bat li, oubyen li kapab ba yo favè oubyen gwo pouvwa, elatrye.

6. Jan 8:44b di nou : «li se \_\_\_\_\_ se papa \_\_\_\_\_ .»



### AFÈMISMAN

Li Matye 8-14 semèn sa (yon chapit pa jou).

Aprann pa kè Jak 4:7

Se poutèt sa dasann nou devan Bondye. Men pran pozisyon kont Satan l'a kouri kite nou.

## SIJÈ REFLEKSYON

Anpil fwa egareman nou ak renmen wè nou konn mete nou an danje.



Si ou te deja melanje nan kèk bagay ke yo pa vle, ke yo site anba a, tyeke sa ki ale ak sa.

- Ale kay majisyen oubyen kay yon moun ki konn fè gerizon.
- Chache pran kontak ak mò ki nan simityè.
- Konsilte owoskòp.
- Konsilte ougan (vwayan).
- Siyen yon kontra avèk Satan.
- Sévi ak fetich pou n ka rive genyen yon pouvwa kache.
- Gade fim sou satan.
- Pratike maji blan oubyen maji nwa.
- Patisipe nan seremoni satan.
- Konsilte yon espri pou gide ou.
- Kèk lòt pratik fè nwa :

---

---



Si ou te tyeke youn nan ti kare anlè yo, fòk ou priye pou'w ka renonse ak patisipasyon'w nan tan pase nan aktivite bagay maji sa yo. Mande



Ou gen laviktwa!

7. Nou angaje nou nan yon batay ant laverite ak manti; se nan lespri n'ap rive ranpòte laviktwa sa. Se pou sa Jezi di : «N'a konnen \_\_\_\_\_ epi lè sa verite a \_\_\_\_\_.» Jan 8:32
8. Èske'l posib pou n konnen verite a ? kòman? \_\_\_\_\_
9. Satan masquerades as an \_\_\_\_\_ and his servants are disguised as \_\_\_\_\_. (2 Cor. 11:14-15). False religions and philosophies are examples of this tactic. The devil's most effective servants are often "good" people.
10. Revelasyon 12:10b, site yon lòt taktik nan taktik Satan yo. Ki taktik sa ?  
Kòman sa fè fèt aprè kretyen yo fin konfese yo, anpil ladan yo toujou santi yo koupab ? Èske se paske yo bay plis atansyon avèk akizasyon dyab la pase pwomès ki fèt pou padone yo a 1 Jan 1:9?
11. Kisa pwomès nan (1 Jan 1 :9) yo ye ?: \_\_\_\_\_  
Èske 1 Jan 1:9 la montre genyen kèk peche ki twò gwo ke Bondye paka padone yo?: Wi  Non   
Èske li nesesè pou nou fè "penitans" pou'w ka padone? Wi  Non   
Pwoblèm anpil kretyen se paske yo refize aksepte padon Bondye bay la. Yo kontinye ap bay tèt yo kalòt nan yon fòm de penitans paske yo santi yo koupab, yo blyie ke padon an se tankou yon kado li ye, menm si yo pat merite l. Tou tan yo rete konsa, dyab la rale l nan men yo.
12. Efezyen 2:2 pale ke moun yo t'ap swiv \_\_\_\_\_  
yo t'ap fè \_\_\_\_\_ chèf otorite ki nan lè a, se dyab la kap tante nou pandan l'ap itilize tout sa mond la ap ofri nou. Nou dwe sonje peche a bay anpil plezi ak atirans lè nou fèk tonbe ladan.
13. Menm si Satan ap chache domine sou nou, nou pa pou li. Li Kolosyen 2:15.  
Kisa Kris te fè fòs demon yo (pouvwa ak otorite) ? \_\_\_\_\_
14. Kòman 1 Jan 4:4 kapab ban nou asirans nan batay la? \_\_\_\_\_
15. Jak 4:7 pwomèt dyab la ap kouri kite nou, men se poutèt sa nou dwe \_\_\_\_\_ devan Bondye, men pran \_\_\_\_\_ kont dyab.
16. Li 2 Korentyen 10:3-5. Èske laviktwa nou jwenn nan Kris la kapab kraze gwo fò Satan yo ? \_\_\_\_\_ Kisa nou dwe fè? v. 5b \_\_\_\_\_

Reflechi sou sa sa vle di, m'ap mare tout vye lide ki nan tèt lèzòm yo, m'ap fè yo vin obeyi Kris la.


## 6<sup>èm</sup> etap

# Zam Bondye yo



*Kretyen an pa yon pitimi san gadò nan konba espirityèl li yo. Li gen anpil mwayen a ladispozisyon li; youn nan mwayen yo se egzakteman zam Bondye yo nou jwenn nan Efezyen 6:11-17 la.*

1. Ki wòl zam Bondye yo nou jwenn nan Efezyen 6:11, 13 ? \_\_\_\_\_



**«Pare kò nou: mare verite a tankou yon sentiron nan ren nou...» v. 14 «Resevwa... epi asepte pawol Bondye a tankou yon epe Sentespri a ban nou.» (v. 17)**

Nou te aprann nan lesion anvan yo ke Satan sèvi ak manti pou'l tòde verite a yon fason pou l ka pran nou nan pèlen li.

2. Kisa ki bay kretyen an libète? Jan 8:32 \_\_\_\_\_
3. K ibò nou kapab jwenn verite a? Jan 17:17 \_\_\_\_\_
- Pou detekte yon fo lajan, moun ki sou kès la fèt pou konnen sa ki bon lajan an, kòm li enposib pou nou etidye tout kalite fo lajan ki genyen yo, li totalman nesesè pou nou byen konn lajan ki bon an pou'n ka detekte lajan ki fo yo.
4. Pou n ka genyen verite a «tankou yon sentiron ki mare nan ren nou», li nesesè pou kretyen an genyen yon bon jan konesans sou verite ki nan Bib la? Kòman kretyen an kapab ogmante konesans li nan bib la?

Tyek tikare ou wè ki pi byen prezante ka pa w la :

- Konbyen fwa ou etidye bib la, nan moman y'ap fè meditasyon w yo?
  Chak jou       Dèfwa konsa       Prèske ditou
  - Èske'w ou aprann pa kè oubyen ou medite sou vèsè yo nan bib la ?
  Regilyèman       Dèfwa konsa       Prèske ditou
  - Kombyen fwa ou tande pawòl Bondye k'ap preche nan legliz ou?
  RChak semèn       RDèfwa konsa       RPrèske ditou
  - Sou yon valè ki soti nan 1 rive nan 10, bay tèt ou yon nòt ou menm nan sa ki gen pou wè ak kapasite'w pou konnen manti ak riz dyab la : 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10
5. Epe Sentespri a itil ke pou atake ke pou defann tèt ou. Kòman Ebre 4:12 prezante pawòl Bondye a? \_\_\_\_\_
- Lè n'ap preche levanjil la, nou antre sou tèren Satan. Nou ansenyé pawòl Bondye men non pa opinyon pèsonèl nou yo, paske se pawòl la k'ap ka antre anndan moun ki peche a, k'ap konvenk kè li epi k'ap ba l libète anba peche'l la.
6. Pou verite ka pwoteje'w se pa sèlman pou rete \_\_\_\_\_, men se pou fè \_\_\_\_\_. Jak 1:22

Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- \_\_\_\_\_ Bib la se yon pati ki enpòtan nan kantite zam mwen yo.  
 \_\_\_\_\_ Konfyans nan Bondye se tou senpleman kwè ke Bondye ap fè sa li pwomèt la.  
 \_\_\_\_\_ Satan ap chache twouble nou sou pozisyon espesyal nou genyen nan Kris.

### SIJÈ REFLEKSYON

Efezyen 6:16



egzòte nou pran konfyans nou genyen nan Bondye a tankou yon defans ki va pèmèt nou pare tout flech Satan an ap voye tou limen sou nou. Ekri yon lis kèk flèch Satan ap voye sou moun nan dènye tan sa yo

---



---



---



---



---

Kisa'w ta reponn yon moun k'ap di ?: Men mwen pa gen anpil konfyans nan Bondye. Konfyans mwen genyen nan Bondye a twò piti.

---



---



---



Kisa nou dwe fè pou'n ka vin gen plis konfyans nan

---



---



---

## APWOFONDISMAN

Selon Filipyen. 4:6-7, kreyen an ap gen kè poze lè li fè sa vèsè 6 la di li fè a.

«Pa bay \_\_\_\_\_, men nan tout sikonstans mande Bondye sa nou bezwen nan lapriyè \_\_\_\_\_ .»

Nou chak dwe deside pou nou chwazi swa nou gen kè poze a, swa nou gen tèt chaje.

Kisa ou chwazi ?

- Viv ak kè poze, lage pwoblèm mwen yo nan men Bondye.
- Viv ak tèt chaje, pote chay pwoble mwen yo pou kont pa m



### «Kiras jistis la (plak pwotèj jistis la)» v. 14

7. Selon Women 3:24 Bondye ki renmen nou an, li fè nou \_\_\_\_\_, li fè sa pou nou gratis. «Jistifikayon an» vle di ke se Bondye ki deklare nou jis; men se pa paske nou merite pou yo ta rele nou moun ki jis; men paske lè nou aksepte Kris, li efase dèt peche kondanasyon nou yo.
8. Women 5:1 youn nan rezulta jistifikasyon, sè ke gremesi \_\_\_\_\_ n'ap viv san kè sote ak Bondye. Lè nou konnen sa, sa pwoteje nou kont manti ki di Bondye kite peche nou yo pandye sou tèt tankou yon epe paske nou pat merite padone.
9. Kòm jistifikasyon an ban nou libète pou'n kenbe tèt ak peche, kisa nou vin ye kounyeya? Women 6:18 \_\_\_\_\_. Di «non» avèk peche, epi fè sa ki byen se pi bon pwoteksyon nou.

Mete plak pwotèj jistis la sou nou vle di ke nou ap sonje chak jou ke nou pa anba kondanasyon ankò. Sa ap pwoteje nou kont akizasyon Satan yo epi fè nou a chwazi fè sa ki byen olye nou fè sa ki mal.



### «Pou soulye nan pye nou, mete aktivite pou anonse bòn nouvèl k'ap fè moun viv ak kè poze a» (Efezyen 6. 15)

Kòm n'ap viv san kè sote ak Bondye (Women. 5:1), fòk nou toujou prè pou'n pote levanjil ki bay lapè a bay lòt moun yo.

10. Women 10:15 la di : «Ala bèl bagay lè \_\_\_\_\_ moun kap pote yon \_\_\_\_\_. Sonje ke zam nou sèvi pou n preche levanjil ki bay lapè a se epe Sentespri a, ki se pawòl Bondye a. An n met konfyans nou nan pawòl Bondye a, non, nan pawòl pa nou yo ak kapasite nou genyen pou touché kè moun yo.



### «Boukliye lafwa a» v. 16

Pou n sèvi ak boukliye konfyans nou genyen nan Bondye a, fòk nou kwè ke Bondye aji daprè fason pa l ak pwomès li yo. La fwa la pou fè n kwè nan sa Bib la di epi aji selon pawòl sa.

11. Kisa ki flèch Satan ap voye tou limen sou nou an ? Bay kèk egzanp.
- 

Sèvi ak boukliye lafwa, se mete plis konfyans nan sa Bondye di olye pou nou koute manti ak akizasyon Satan yo.



### «Kas an fè k'ap delivre nou an» v. 17

Kas la pwoteje tèt nou, paske prensipal kote Satan vize se lespri nou. Kòm «akizatè» l'ap detwi tikal pa tikal tout valè nou, pandan l'ap eseye konvenk nou ke nou se moun ki fèb, san pwisans, ak san mwayen. Objektif li se konvenk nou ke nou p'ap ka janm gen lavikta epi reziste anba tantasyon se deja yon batay pèdi davans. Sonje se nan Kris n'ap soti «venkè», non nou p'ap le «pèdan» (Women 8:37-39)

12. Paske nou sove sa pèmèt nou benefisyé yon lòt lavi ki gen ladan'l tout yon pakèt avantaj tankou :
- Pouvwa tounen\_\_\_\_\_. Jan 1:12
- Mwen pap janm pèdi paske mwen genyen \_\_\_\_\_. Jan 3:16
- Nou nan \_\_\_\_\_ ak Bondye. Women 5:1
- Peche m yo te \_\_\_\_\_ Kolosyen 1:14

## AFÈMISMAN

**Li Matye 15-21 semèn sa**  
(yon chapit pa jou).

### Aprann pa kè Efezyen 6:11

«Pran mete sou nou tout kalite zam Bondye ban ou pou nou kenbe tèt anba riz Satan.»



# Padone pou w ka lib



Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- \_\_\_ Mwen gen dwa pou'm pa padone moun ki fè mwen mal yo.
- \_\_\_ Padone vle di blyie sa ki mal la.
- \_\_\_ Mwen ka sèlman delivre anba degou mwen yo lè mwen padone.

## NESESITE POU M PADONE LÒT YO

*Chache repons ki nan kesyon anba yo nan Efezyen 4.*

1. Pòl egzòte kreyen yo pou yo viv nan imilite, pou yo yonn sipòte lòt nan renmen nan kè yo. Kisa'k dwe defini relasyon mwen ak lòt moun yo?

Efezyen 4:2 \_\_\_\_\_

2. Sa sa vle di yonn sipòte lòt avèk renmen nan kè yo? v. 2 \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

3. Al dòmi ak kòlè nan kè nou se bay \_\_\_\_\_ pye sou nou. v. 26-27

4. Poukisa I pa bon pou w al dòmi tou an kòlè ? \_\_\_\_\_

Nan yon lòt pasaj, Pòl pale de nesesite pou n padone pou n pa bay Satan avantaj sou nou. 2 Korent. 2:10-11

5. Fè yon ti reflechi. Nan ki fason nou wè satan kapab pran pye sou nou si n'ap lèse nou domine anba tristès? \_\_\_\_\_

Eske m'ap santi mwen lib menm si mwen pa padone lòt yo?  Wi  Non

Eske I posib pou m vin esklav tristès?  Wi  Non

Eske m kapab viv nan kè poze ak Bondye nan rayi yon frè?  Wi  Non

Kilès ki plis soufri lè mwen pa vle padone?  Moun ki fè m mal la  Mwen menm

## TONBE ANBA PYËJ TRITÈS

Anpil kreyen voye jete kòmandman nan bib la ki di pou padone a, pandan y'ap kenbe rankin kont moun ki blese yo a oubyen ki fè yo sa ki mal la. Yo pito tire revany olye yo padone. Y'ap bay rankin yo a rezon lè y'ap di : «Mwen pap janm padone yo pou sa yo te fè m nan. Kòman n'ap ka mande m pou m padone yo a, konsa a? Mwen renmen wè yo kap soufri.»

Sa ke yo pa konprann, se yo menm menm k'ap soufri plis. Lè yo refize padone, yo mare pye yo nan tristès, yo se esklav layèn epi y'ap chache tire revany pou tèt yo. Li enposib pou yo viv nan kè poze, epi rankin yo gate relasyon yo genyen ansanm ak lòt moun epi ansanm Bondye. Menm si lòt moun nan pa ta merite padone. Sèl fason pou yo delivre se obeyi komandman Bondye, ki se padone moun kifè ou mal yo.



## PADON AN

**Sa li ye.... Sa li pa ye.**

Padone lòt moun, kisa sa vle di? Li verite sa yo epi ekri sou yon fèy detache, move lide ou te genyen lontan yo.

- Se pa blyie sa ki mal la. Sa ta ka tèlman bon pou nou ta menm kote a kapab efase nan lespri nou tout sa ki te fè nou mal yo. Men sa ap mande tan pou yo soti nan lespri nou.
- Sa pa vle di pou nou kite lòt moun maltrete nou oubyen mennen nou jan yo vle. Nan lanmou, nou dwe fè fas ak yo; bay y'on min, di yo menm si nou padone yo men nou p'ap janm kontinye sibi move trètman yo a.
- Sa vle di pran desizyon pou w sispann ajite sa kont yo. Sa vle di, sispann fè pase, san rete, video sa yo te fè ki mal la nan lespri nou. Padone, se pa al chache tire revany, epi se kite sa yo fè ki mal yo nan men Bondye pou Bondye regle li menm avèk yo.
- Sa vle di viv ak konsekans peche lòt moun yo. Ke sa ap fè nou plezi oubyen pa fè nou plezi, nou dwe konnen nou te blese trè grav. Bay sa vag oubyen repwoche lòt moun sa p'ap rezoud pwoblèm nan. Sèl fason pou n rezoud pwoblèm nan, se wè nou te viktim; nan fason sa, n'ap kapab aprann viv avèk lapèn epi chache gerizon. Epi èske sa pral yon: rankin oubyen padon?
- Poze tèt nou kesyon, si nou vle pou nou se yon moun ki gen move karaktè? Si repons nou an se non, enben padon an se sèl chemen pou nou ka delivre.

**AFÈMISMAN**

**Li Matye 22-28**  
semèn sa  
(yon chapit pa jou).

**Apprann pa kè**  
**Kolosyen 3:13**

«Se pou nou youn sipote lòt, pou nou yonn padone lòt si nou gen kont yonn ak lòt. Wi se pou yonn padone lòt, menm jan Kris la te padone nou.»

6. v. 31 an egzòte nou pou debarase nou de tristès, kòlè, vvolans, ak malis.

Ki lòt solisyon ki genyen san se pa kòlè? v. 32 \_\_\_\_\_

**KÒMAN POU N PADONE LÒT YO**

7. Kilès ki modèl padon an ? v. 32 \_\_\_\_\_

8. Kisa ki karakterize padon Bondye bay la ? Ki jan de moun Bondye padone ?  
Women 5:8 \_\_\_\_\_

*Li Women 12:18-21 epi reponn a kesyon sa yo:*

9. Èske l posib pou'n toujou viv ak kè poze avèk lòt moun yo? Wi  Non   
Poukisa ? \_\_\_\_\_

Se vre mwen pa kapab fòse lòt moun yo viv ak kè poze avè m, mwen dwe chwazi viv ak kè poze avèk yo. Mwen ka fè pa m nan: padone yo epi mande yo padon si mwen te fè sa ki mal. Depi m fè sa kèlkeswa sa yo fè a, m ap libere.

10. Poukisa nou pa ta dwe tire revany pou tèt nou ? v.19 \_\_\_\_\_

Moun kap fè lòt moun sa ki mal, èske y'ap ka chape anba pinisyon Bondye a ? Wi  Non   
Èske Bondye ap mande yo kont yon jou ? Wi  Non



11. Kisa mwen dwe fè fas ak sa ki mal? v. 21 \_\_\_\_\_

12. Kòman mwen kapab kraze sa ki mal pou mwen fè sa ki byen ? v. 20 \_\_\_\_\_

—  
—  
—

Ekspresyon «se yon chabon dife ou mete nan kò li» vle sèlman di lènmi nou yo ap santi yo jennen lè yo wè nou aji byen ak yo olye nou aji mal ak yo. Sa ap fè yo sezi, epi y'ap tèlman wont yo p'ap konnen kisa pou yo fè.

13. Èske nan padon gen limit? Selon Matye 18:21-22, konbyen fwa mwen dwe padone frèm nan ? \_\_\_\_\_

**CHEMEN  
POU  
PADON**

1. Kijan w santi w anvè moun ki te fè w sa ki mal ? Rekonèt kòlè ou ak sa ki fè w tris la. Si w refize rekonèt ou te yon ti jan ale twò lwen, l'ap enposib pou w rezoud pwoblèm emosyon w sa yo pa mwayen padon.
2. Pa blye Kris te mouri pou moun ki te fè l sa ki mal ak pou ou tou ? Petèt yo pa merite padone, men se egzakteman ka w tou lè Kris te mouri pou peche w yo
3. Pran desizyon pou w padone yo, menm si kè w pa di w fè sa. Menm si kè w di w : «pa padone», pran desizyon pou w padone kanmenm : pa koute kòlè w. Se oumenm ki pou deside si w vle libere pa rapò ak jan w te ye lontan.
4. Priye Bondye : «Senyè, mwen padone \_\_\_\_\_ (non moun nan) pou \_\_\_\_\_ (sa li fè ki mal).
5. Pran desizyon pou w pa al nan chache tire revany w apre sa. Sispenn akize moun ! Bay vag !
6. Sonje lè ou padone se pa blye ou blye. Nou pa kapab retire sa ki nan tèt moun nan nan yon bat je, men nou kapab chwazi medite sou lòt bagay (pawòl Bondye pa egzanp) lè bagay la vini nan panse nou. Nou kapab fèt tèt nou sonje ke nou te deja padone fot sa a.
7. Piga w atann ou ke desizyon w pran pou padone ap pote yon gran chanjman kay lòt moun nan. Nenpòt jan li ta aji, s'ak enpòtan an, sèke ou fè sa w dwe fè a, ou lib kounyeya pou w kontinye fè chemen w.

**Kounyeya ! Ki desizyon m ?**

Mwen pral padone

Pa kounyeya, m'ap tann toujou

## 8<sup>ème</sup> etap Padone mwen



Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- \_\_\_\_ Ou kapab renmen Bondye ak rayi yon lènmi an menm tan.
- \_\_\_\_ Li enpòtan pou w mande padon pou moun kap fè ou mal yo, memm si lòt moun yo pa prè pou padone ou.
- \_\_\_\_ Li pi bon pou w chache rekonsilyasyon lè w'ap pale je nan je avèk lòt moun nan.

Lè gen kont nan fanmi ou epi sa konn rive ou manke yon moun dega, kisa w fè ?

- Mwen santi m mal alèz men mwen pa di yo anyen.
- Nou fè yon titan nou pa pale nan kay la. Lè nou deside pale ankò, nou fè kòm si pat g'anyen.
- Mwen ale kote yo, mwen rekònèt fot mwen epi mwen mande yo padon.

### POUKISA'N MANDE PADON ?

1. Lè ou renmen yon moun, èske ou chache joure li oubyen manke l dega?

---

Koman w'aji avè l? \_\_\_\_\_

---



---



---



---

2. Li 1 Jan 4:20. Èske l posib pou renmen Bondye epi pou rayi yon moun an menm tan? Wi  Non

*Li Matye 5:23-26 epi reponn kesyon sa yo*

3. Si ou te fè yon moun sa ki mal epi ou pa ale chache rekonsilye avè l, èske l posib pou ou, pou w an kominyon avèk Bondye ? Wi  Non

4. Ofrann ou yo, adorasyon ou yo, ak sèvis w'ap fè pou Bondye yo, èske yo ap gen valè si w pa rekonsilye avèk moun sa ? v. 23-24 Wi  Non

Poukisa ? \_\_\_\_\_

---

5. Selon v. 25 lan, poukisa sa li ijan pou w rekonsilye avèk lènmi w la ?

---

6. Menm si se vre geny'on seri de kont ki pa janm rive nan leta, èske w panse li enpòtan pou rezoud chak tikont nou yo prese prese ?

Wi  Non  Poukisa ? \_\_\_\_\_

---

Selon v. 22 a, lè nou pouse yon moun fè kòlè, nou mete l nan yon sitiysyon pou yo kritike l. Lè nou refize mande l padon yo sa deranje lènmi nou an menm jan ak nou.

«Frè w la gen kichòy kont ou» nan v. 23 vle di ke ou te fè l yon bagay ki te mal. Mwayen pou rekonsilye w avè l se ale jwenn li, rekònèt fot ou te fè a epi mande l padon.

### SA W PANSE SOU SA?

Kisa w reponn ak moun sa yo kap di:

- Mwen prè pou m mande li padon depi l dispoze pou l rekònèt fot pa li a, epi li prè pou mande m padon tou.
- 
- 
- 
- 



- Li pi bon pou m pa dakò mwen antò epi pa mande padon, pa krent pou sa pa leve kont mwen aprè.
- 
- 
- 
- 

- Si mwen mande l padon, li pra l kòmanse pase m nan rizib.
- 
- 
- 
- 

- Mwen te mande l padon, men li pa't padone m. A kisa sa itil? Nou pa fè yon tipa .
- 
- 
- 
-

## REFLECHI SOU SA

Daprè ou menm, kisa sa vle di rekonsilye ak yon moun ?

---

---

---

Èske w bezwen rekonsilye avèk yon moun? Ki lès moun ?

- Madann ou
- Timoun ou yo
- Paran ou yo
- Vwazen ou yo
- Zanmi ou yo
- Ki lòt moun



Kisa w'ap fè jodi a pou w rezoud kont la epi ale kote moun sa a?


---

---

---

## AFÈMISMAN

Li 1 Korentyen 1-7 semèn sa (yon chapit pa jou)



Aprann pa kè Matye 5:23-24 :

«Konsa, si lè w'ap mete ofrann ou sou lotèl la bay Bondye, epi antan ou la devan lotèl la, ou chonje frè ou la gen kichòy kont ou, men sa pou ou fè, kite ofrann nan la devan lotèl la, ale byen ak frè ou la anvan, aprè sa w'a tounen vin bay Bondye ofrann ou an.»

7. Poukisa ou wè l twò difisil pou w ale kot yon moun pou mande l padon?

## KÒMAN POU MANDE PADON

8. Gen de lè pawòl yo pa sifi. Pafwa li nesesè pou w remèt sa w te pran an pou w ka repare mal ou te fè lòt moun nan. Zache se te yon pèseptè kontribisyon, yon anplwaye magouyè ki te vòlè anpil lajan. Lè li te konvèti, kisa li te pwomèt? Lik 19:8

Nan epòk Ansyen Testaman, fòk moun ki antò a te renmèt tout sa l te pran an bay moun li fè tò a plis ven pou san (20%) la valè (Nomb. 5:7). Menm si nou p'ap viv sou lalwa, prensip remèt tout sa w te pran an rete valab jounen jodi a.

### Mande padon se yon machaswiv ki gen plizyè etap.

#### Preparasyon pou Rekonsilyasyon:

- Rekonèt fot ou, Se pou'w onèt. Rekonèt sa ou fè lòt moun.
- Yon fwa ou rekonèt fot ou, mande Bondye padon.
- Si lòt moun nan koupab anvè ou tou, èske ou padone l ?
- Chache yon moman ak yon kote ki kovenab pou w pale ak moun ou te fè mal la.

#### Lè wap pale ak moun ou te fè sa ki mal la :

- Pale pèsonèlman avè l, fas a fas epi sèl ou menm avèl, sof nan ka imoralite oubyen yolans. Nan ka sa yo, li ta pi bon pou yon konseye oubyen pastè ou ta la.
- Chwazi pawòl ou pral di yo pou w mande padon an, rekonèt tò ou. Itilize kèk ekspesyon tankou «Sa se te yon erè», «Mwen te mal ajii». Pa eseye pase sou sa.
- Se pou w desann ou. Pa eseye pran aksyon ou yo pou anyen oubyen y'ap repwoche lòt yo pou defann tèt ou. Rekonèt tout sa ou te fè a, menm si lòt moun nan koupab tou.
- Li pa nesesè pou w antre nan tout detay, men ou dwe montre trè klè fot w'ap konfese a.
- Fini konfeson w nan avèk yon kesyon ki dirèk : èskew ou prè pou w padone m?
- Pa ekri lèt, sof si se sèl mwayen ou ka pale ak moun te ou te fè sa ki mal la. Lòt moun ki pa gen anyen pou wè ak sitiyasyon konsa kapab fasilman mal pou konprann oubyen pou li yon lèt konsa.
- Lè sa parèt nesesè, pou tout tò ou te fè l, remèt li tout sa w te pran yo li yo

#### Kisa pou m fè si l pa padone m... ?

- Pote sa bay Bondye epi lage sa nan men L, ou fè sa pou w te fè a; kidonk ou kapab rete nan wòl ou menm si lòt moun nan kenbe rankin. Pafwa, fòk lòt moun nan ta jwenn tan devan l poul ka padone. Medite sou Women 12:18

9. Ki desizyon w ? Èske ou prè pou w ale moun ou te fè mal la padon? Wi  Non  Kòmanse depi jodi a machaswiv ou jwenn nan kazyé anlè a.

# Nou rele pou n mennen yon vi apa



## NOU RELE POU N MENNEN YON VI APA

Apòt Pòl toujou rele kreyen yo pa tèm «sen» (Efezyen : 1:1; Filipyen. 1:1). Poukisa ? Li te rele yo konsa paske sa vle di yo nan Kris. Akoz san Kris la ki te koule a, yo vin rekonèt yo kòm moun ki bon epi ki jwenn gras.

- Selon 1Korent. 1:2, Kris te sanktifye nou. Sa vle di li te rele nou pou nou viv apa pou li pou nou ka vin bon nèt. Byenke nou te deja mete apa, poukisa nou te rele? v. 2 \_\_\_\_\_ Sa vle di tou senpleman Bondye vle ke nou abandone peche epi lage lavi nou nan men Li.
- Kisa ki sentete a? Nou kapab esplike l nan fason sa a:
  - Sa vle di kite peche epi livre tèt nou bay Bondye.
  - Se yonn nan karakteristik Bondye yo ; sa li ye.. (1 Pyè 1:15-16).
  - Se yon nivo nou kapab jwenn nan li. (2 Korent. 7:1; 1Tosalonisyen 4:3).
- Li 1 Pyè 1:15-16 epi reponn : Kilès ki bon nèt ? \_\_\_\_\_  
Èske m kapab bon nèt?  Wi  Non   
Gen kèk moun ki panse moun tankou nou pa kapab tout bon vre vin bon nèt ; men èske Bondye ta kapab fòse nou fè yon bagay ke nou paka fè ? Sa pa vle di ke n'ap pafè (bon nèt), men nou fikse objektif sa : « nap chache mennen yon vi san peche ».
- Poukisa anpil kreyen pa mennen yon vi apa ? Bib la di pou n bon nèt, gen kèk bagay ke nou pa dwe fouye kò nou. Pa egzanp, 1 Tesalonisyen. 4:3, 7 di nou fòk nou evite :
   
\_\_\_\_\_ (v. 3) men \_\_\_\_\_ (v. 7)  
Mete sou yon fèy papye kèk lòt bagay Sentespri a vle ou evite.  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
- Konsa, ki enpòtans sentete a genyen nan lavi kreye an? èske se tou senpleman yon lòt chwa oubyen kèk bagay ki reyèlman nesesè ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## KOMAN NOU KAPAB MENNEN YON VI KI APA ?

- Pou n rete viv apa, nou dwe kenbe \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_ 2 Korent. 7:1 Èske w kapab panse a kèk lòt egzanp?
- Kisa Bondye fè pou l ede nou mennen yon vi ki pwòp ? 1 Jan 1:9  
\_\_\_\_\_

Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- \_\_\_ Mwen kapab ap mennen yon vi ki sen epi m'ap fè peche an menm tan.
- \_\_\_ Bondye rele m pou m bon nèt paske Li menm Li bon nèt.
- \_\_\_ Pou mwen bon nèt, mwen dwe poze aksyon moun k'ap mennen yon vi apa.

## REFLECHI SOU SA

«Kouri pou ka ranpòte premye pri a.» 1 Korent. 9:24



Fason w'ap viv kounyeya, èske l'ap ede w ranpòte pri sa ?

- Wi
- Non
- Mwen pa sèten .

Siyan sou liy anlè a pou w make angajman ou pran.

## REFLECHI SOU SA

Anpil bagay kapab anpeche w grandi. Egzamine byen bagay ki nan lis sa, epi gade sa yo selon ou ki anpeche w mennen yon vi pou glwa Bondye.

- Zanmi yo
- Fanmi an
- Travay la
- Mizik la
- Tele, videyo, entènèt la
- Byen w yo
- Mankman nan lapryè chak jou
- Abitid chak jou a
- Mankman nan relasyon ak lòt kreyen yo (legliz, tigwoup yo).
- Sa wap mennen chak jou yo
- Abitid yo. Kilès nan yo  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

- Lòt obstak yo  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Èske w prè pou w fè chanjman nesesè yo: konfese peche ou yo ak kite peche ou yo?

## APWOFONDISMAN

1. Vi san tach la ap kò-  
manse avèk lide nou  
genyen sou li epi ki pral  
etann li avèk aksyon lide  
sa a te bay. Filip.. 4:8
2. Vi san tach la gen ladann  
kontwole kò nou ak sal  
mande nou yo menm jan  
ak emosyon l yo tou.  
1 Korent. 9:27

## NAN KI BÒ MWEN YE?

*Bondye ban mwen tout  
sa m gen bezwen pou m  
mennen yon vi san tach.*

1. Li sove mwen.
2. Li delivre mwen anba  
esklavaj peche.
3. Mwen pa anba kondan-  
asyon ankò.
4. Sentespri a ap viv nan  
mwen pou mwen bay  
fwi li.
5. Li ban mwen Bib la pou  
montre mwen chemen ki  
bay lavi a.
6. Li ban mwen opòtinite  
pou m konsakre lavi  
mwen ba li chak jou.

## AFÈMISMAN

### Li 1 Korent. 8-14

Semèn sa  
(yon chapit pa jou).



Aprann pa kè  
1 Pyè 1:14-15

*«Tankou timoun obeyisan, pa  
kite move lanvi nou te genyen  
nan tan lontan yo mennen  
lavi nou ankò, tankou anvan  
lè nou pat konn Bondye.  
Okontré, nan tout sa nap fè,  
se pou nou bon nèt, tankou  
Bondye ki rele nou an bon  
nèt tou.»*

8. Li Pwovèb 4:23 kisa nou dwe veye ? \_\_\_\_\_
9. Ki konsèy pratik Bib la bay pou ede w veye sou kè w ?  
Sòm 119:11 \_\_\_\_\_  
Kolosyen 3:2 \_\_\_\_\_
10. Kisa Women 6:19 di sou fason pou mennen yon vi ki dwat? \_\_\_\_\_

Si nou te gen abitid lage kò nou nan kèk zak ki pa bon, nou dwe kounyeya ofri  
kò nou bay Bondye pou fè sa ki byen, lè sa nou pral esklav sa ki bon non pa  
esklav peche.

## YON ANGAJMAN CHAK JOU


11. Li Women 12:1-2 Kisa Bondye ap tann nan men m nan v. 1? \_\_\_\_\_
12. Kisa ki yon sakrifis vivan ? \_\_\_\_\_

Priyè sa se yon modèl sakrifis vivan.

«Senyè, mwen lage mwen nan men ou.  
Pran lespri mwen ak sa m'ap panse.  
Pran je mwen yo ak sa m'ap gade.  
Pran zòrèy mwen yo ak sa m'ap tandé.  
Pran lèv mwen yo ak sa m'ap di.  
Pran kè mwen ak sa m santi ansanm ak  
konpòtman mwen yo.  
Pran men mwen yo ak sa m'ap fè.  
Pran pye mwen yo ak kote mwen prale.  
Pran kò mwen, se tanp ou.  
Ranpli mwen ak Sentespri ou.  
Mwen vle obeyi ou.  
Mwen vle fè volonte ou.»



13. Bay kèk egzant move panse ak move kondwit ke nou jwenn anpil jounen  
Jodi yo. \_\_\_\_\_
14. Pou nou evite fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè, nou dwe kite  
Bondye chanje tout \_\_\_\_\_ (v. 2), Lè sa a, n'a konprann sa  
Bondye vle nou fè.  
Site kèk domèn kote nou kapab chanje lide ki nan tèt nou? \_\_\_\_\_
15. Pasaj sa envite nou pou nou konsakre nou chak jou yon fason pou nou ka fè  
Bondye plezi ak jwenn benediksyon li. Èske w prè pou w pran angajman sa  
jodi a epi pou tout rès lavi ou? Wi  Non   
Dat \_\_\_\_\_  
Siyen sou liy anlè a pou w make angajman ou pran.



## 10<sup>èm</sup> etap Entandans

Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- Genyen bagay ki pi enpòtan ke yon bon salè ak mennen yon bon vi.
- Sèl sa yo ki gen mwayen ki dwe bay legliz yo a kado.
- Tout sa nou genyen soti nan Bondye.

### KONPÒTMAN M FAS AK BAGAY MATERYÈL YO

1. Selon LIK 12:15, poukisa mwen pa ta dwe kite lajan pran tèt mwen?

Si lavi nou pa redwi sèlman ak nou posede, kidonk kisa ki vrèman enpòtan?

Lik 12:31 \_\_\_\_\_

### SIJÈ REFLEKSYON

Li istwa Eli nan 1 Wa 17:8-16.  
Kisa istwa sa aprann ou ?

---

---

---

---

---

---

2. Li 1 Timote 6:17-19. Poukisa nou pa dwe kite lògèy vire tèt nou pou richès nou genyen, pou nou k'a gen lajwa ak sekirite? v. 17

3. Ki kote mwen jwenn sa mwen bezwen pou m ka vrèman gen jwisans lavi a ? v. 17 \_\_\_\_\_

Eske mwen souvan montre Bondye jan m rekonesan ? \_\_\_\_\_

Èske w panse, kontribye pou fè travay Bondye a mache sa ap bay la pèn ? Poukisa ?

---

---

---

---

---

---

4. Ki kote kretyen an dwe chache richès li ? v. 18-19 \_\_\_\_\_

Konbyen tan bagay sa yo ap dire ? \_\_\_\_\_

Ki avètisman Jezi bay ak sa yo ki mete konfyans yo nan richès yo pou yo ka gen sekirite ak bonè ? Lik 12:16-21

---

---

---

---

---

---

### JESYON LAJAN M

Lajan se yonn nan byen Bondye konfye m pou m jere. Bib la ansenye ke li enpòtan pou w bay Bondye yon pati nan sa li te ba ou. Se ofrann ou yo ak dim ou yo.



7. Kilè m dwe bay Bondye ? 1 Korent. 16:2 \_\_\_\_\_  
Sa vle di li enpòtan pou mwen toujou ap ede travay Bondye a, se pa yon lè konsa oubyen lè yo pale m de yon bezwen espesyal. Premye jou nan semèn nan, se dimanch.

## FE KALKIL OU EPI DESIDE

Konbyen mwen rantre pa semèn oubyen pa mwa?

---

Konbyen 10% (dim nan) moute ?

---


Legliz mwen an dwe an pwemye nan lis sila yo map ede, paske se la map resevwa ansèyman ak swen. Apa legliz mwen an, gen kèk lòt pwojè mwen kapab ede; pa egzanp misyon yo.

Avèk pouvwa Bondye, mwen pwopoze tèt mwen pou fè travay Bondye mache avèk:

\_\_\_\_\_ chak mwa.

## AFÈMISMAN

**Li 1 Korentyen 15-16  
epi Sòm 12-16**  
semèn sa  
(yon chapit pa jou).



## Aprann pa kè 2 Korentyen 9:6

«Sonje sa byen : Moun ki simen ti kras va rekòlte ti kras.  
Moun ki simen anpil va rekòlte anpil.»

8. Eske I bon pou nou bay Bondye lè nou gen lajan an plis ? Wi  Non   
Poukisa ? \_\_\_\_\_
9. Sou kisa nou ta dwe baze nou lè nap deside konbyen pou nou bay ?  
1 Korent. 16:2 \_\_\_\_\_  
Nou dwe bay an fonksyon de sa nou genyen. Moun ki gen plis dwe bay plis. Moun ki gen mwens dwe bay mwens.
10. Nan epòk Ansyen Testaman yo te egzije ladim (Levitik 27:30-32), kisa dim nan ye ? \_\_\_\_\_  
Dim nan se dizyèm pati nan tout sa w posede, nan yon lòt tèm se 10%
11. Si nan epòk Ansyen Testaman, moun yo te konn bay Bondye 10% nan sa yo posede, kounyeya nou nan kris, èske nou pa ta dwe omwen bay menm bagay la? Wi  Non

## KI ATITID MWEN TA DWE GENYEN NAN ZAFÈ BAY LA?

12. Selon 2 korent. 9:6, sa nou bay la se yon envestisman nan travay Bondye a. Nou ta dwe bay \_\_\_\_\_
- Kretyen nan peyi Masedwa'n yo te bay Pòl ofrann yo ak tout kè yo. Yo te menm bay pase sa yo te kapab (2 Korent. 8:1-3). Responsabilite ak privilèj pou fè travay Bondye a mache, se pa pou rich yo sèlman.
13. Selon 2 Korentyen 9:7, se pou chak moun bay jan yo te \_\_\_\_\_ nan kè yo. Sa vle di li enpòtan pou n gentan wè davans konbyen nou pral bay pou travay Bondye a san nou pa aji avèk emosyon.
14. Selon 2 Korentyen 9:7 nou dwe bay san nou «pa \_\_\_\_\_ oubyen San moun \_\_\_\_\_, paske Bondye renmen moun ki \_\_\_\_\_»
15. Ki atansyon nou ta dwe fè ? Matye 6:1-2 \_\_\_\_\_  
Kòman nou ta dwe bay ? Matye 6:3-4 \_\_\_\_\_

## BENEDIKSYON KI VINI LÈ NOU BAY

16. Kisa pasaj sa yo di nou sou benediksyon kap tonbe sou nou lè bay Bondye a tout kè nou epi tankou yon sakrifis ?

2 Korent. 9:6 \_\_\_\_\_

---

Travay 20:35 \_\_\_\_\_

Poukisa gen plis benediksyon pou moun k'ap pase moun k'ap resevwa?

---





## 11<sup>èm</sup> etap

# Mwen kapab, men èske sa ap itil ?

Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- Bib la pa entèdi yon seri bagay, menm si yo pa bon pou mwen.
- Aksyon mwen yo kapab yon okazyon pou fè lòt moun chite.
- Libète m nan Kris la pa ban m pèmisyon pou m fè sa mwen vle.

Kretyen yo gen opinyon diferan sou zafè plizyè bagay kap pase nan soyete a, pa egzanp, genyen plizyè opinyon sou sa ki konsène kretyen yo nan domèn abiman, mizik oubyen distraksyon.

Pratik sa yo «ki pa klè» yo mete anpil polemik nan mitan kretyen yo, gen kèk ki pretann yo gen pèmisyon pou yo fè sa, gen lòt ki di non. Menm si nou kapab wè toujou gen diskisyon sou yon seri de pratik ke Bib la pa klèman entèdi, li pa nesesè pou nan goumen paske lide pa nou yo pa menm jan ak lide lòt yo. Nan epòk pa li, Pòl te fas ak diskisyon sa yo: Èske yon kretyen kapab wi ou non manje vyann yo sakrifye bay zidòl. Prensip nou jwenn anba yo ki sòti nan sa Pòl te ekri yo ap kapab ede nou pran pi bon desizyon nan domèn sa yo «ki pa klè».

### ÈSKE SA ITIL ? ÈSKE SA EDIFYE ?

1. Nan 1 Korentyen 10:23 Pòl bay yon prensip enpòtan ki kapab aplike nan tout domèn nan lavi nou. Kisa li vle di a travè ekspresyon sa a : «Nou gen dwa fè tout bagay, men tout bagay pa bon pou fèt» \_\_\_\_\_

2. Èske w kapab bay yon egzanp kèk bagay ki pa bon pou ou, menm si bagay sa a pa entèdi klèman nan Bib la? \_\_\_\_\_

3. Poukisa nou ta dwe evite kèk bagay? Gade dènye pati nan 1 Korentyen 10:23 epi konplete fraz sa: Menmsi mwen gen dwa fè nenpòt bagay, men tout \_\_\_\_\_

Li pi bon pou m evite bagay ki p'ap fè moun grandi nan konfyans yo nan Bondye, menm si Bib la pa entèdi sa klèman. Pou w konnen si yon bagay bon oubyen pa bon, ou kapab poze tèt ou kesyon sa yo :

- Èske sa ap ede m grandi kòm moun ki kretyen ?
- Èske sa ap anpeche m grandi nan yon domèn oubyen nan yon lòt?

4. Li 1 Korentyen 6:12. Kisa dènye pati vèsè an vle di ?

Anpil kretyen atache yo ak dènye mòd ki fèk parèt yo, mizik, sa y'ap gade nan televizyon, elatriye. Souvan yo pa rann yo kont, oubyen yo refize dakò ke bagay sa yo kapab gen kèk enfliyans sou lavi yo.

5. Si kèk bagay gen kontwòl sou lavi w, èske sa ap edifye w? Wi  Non   
Èske gen kèk bagay ki vin tankou yon baryè pou ou epi ki mare w nan lavi ou ? Wi  Non  Si wi, kisa yo ye? \_\_\_\_\_

### REFLECHI SOU SA

Pran yon tan pou reflechi sou lavi ou. Èske fason'w aji yo ap edifye frè an Kris ou yo ?

Fè yon lis ki gen kèk bagay ou fè ki ka fè lòt moun tonbe nan peche. Mande Bondye pou ede w ranpòte laviktwa nan domèn sa a pou lòt moun yo kapab pwofite.

Kounyeya panse sou sa ou ta kapab fè pou edifye lòt kretyen yo. Ekri kèk bon jan egzanp anba a.



POU ALE  
PI LWEN

Li Kolosyen 3:23-24 epi fè yon lis prensip (disiplin) ou jwenn ladann yo



NAN KI NIVO SA KAPAB DERANJE LÒT MOUN YO? PRENSIP LANMOU AN.

DEVWA

Li epi medite sou 1 Korentyen  
10:23-33, pandan w'ap site  
kèk aplikasyon pratik pou  
lavi ou.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

6. Ki avètisman nou jwenn nan 1 Korentyen 8:9 ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

7. 1 Korentyen 8:13 la bay pozisyon Pòl te pran sou zafè moun kap fè moun bite. Kisa desizyon li an moutre nou ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

8. Gen de (2) bagay kretyen an ta dwe evite : ki de (2) bagay sa yo ?  
Women 14:13 \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

9. Nan la vi ou, ki bagay ki ta kapab tankou yon pwoblèm pou lavi kèk lòt kretyen ? \_\_\_\_\_

10. Poukisa m ta dwe ap efòse m ? \_\_\_\_\_

*«Piga pèsòn chache sa ki bon pou tèt pa l'ase. Se pou l'chache enterè lòt yo tou.»* 1Korent. 10:24 Panse ak lòt yo se yon prensip ki ta dwe ap dirije lavi nou. Jodi a, gen anpil koutim ak aktivite ki sanble bon pou yon seri de moun, men ki pa bon pou kèk lòt moun. Pa egzanp: Abiman, fason nou pale, sa nou manje, distraksyon epi menm kèk bagay ki nan legliz. Kidonk lanmou an ban m limit mwen kote pa mou n nan komanse an. Pou konsiderasyon dwa lòt yo, m'ap bay tèt mwen limit nan kèk domèn.

**ÈSKE BONDYE AP JWENN GLWA NAN SA A ?**

11. Ki ta dwe objektif mwen nan tout sa m'ap fè? 1 Korentyen 10:31 \_\_\_\_\_

Poze tèt ou kesyon sa a: Èske m kapab bay Bondye glwa lè m aji konsa ?

**REVIZYON** Nan domèn ki pa klè yo, men sa mwen dwe pran an konsiderasyon :

- Menm si sa pa entèdi, èske sa ap fè moun grandi? Èske sa ap itil?
  - Nan ki nivo sa ka deranje lòt kretyen yo ? Èske sa ap fè yo grandi, oubyen l'ap yo tonbe nan peche?
  - Èske sa ap kontribye pou bay Bondye qlwa?




AFÈMISMAN

## **Li 2 Korentyen 1-7**

semèn sa  
(yon chapit pa jou).

Aprann pa kè  
1 Korentyen 10:23

« Nou gen dwa fè nenpòt bagay, se sa yo di, epi se vre men, tout bagay pa bon pou fèt. Nou gen dwa fè tout bagay, men se pa tout bagay k'ap fè nou grandi nan konfyans nan Bondye ».




**EVITE POZİSYON EKSTRÈM YO**

**Lisans :** Gen kèk kretyen ki pran libète yo gen nan Kris la avèk enpridans. Yo pa reflechi sou sa y'ap fè pou yo wè nan ki nivo sa ap deranje jan y'ap grandi nan Bondye. Yo pa menm mande tèt yo non plis èske konpòtman yo pa bay lòt kretyen pwoblèm. Tou senpleman sa pa pwoblèm pa yo.

**Legalism** : Gen lòt kretyen lavi a pou yo se entèdi . Yo panse espirityalite a se swiv yon pakèt règ. Konsepsyon yo sou reliyon Kris la chita plis sou sa yo pa fè ke sou sa yo fè. Sa fè yo jije moun ki santi yo lib pou yo fè kèk travay. Souvan yo gen yon atitud ki fè yo santi se yo ki siperyè lòt, se yo ka kritike epi yo montre yo negatif.

**Yon vi ekilibre :** Kretyen sa yo reflechi sou kesyon sa yo ki pa klè, yo evite sa ki kapab blese moun oubyen ki p'ap fè moun grandi. Pa lanmou pou frè kretyen parèy yo, yo limite libète yo, pou yo pa lakoz lòt moun tonbe nan peche. Yo chache bay Bondye glwa nan tout sa y'ap fè.

## 12<sup>èm</sup> etap Disèneman



Kisa mwen ta dwe fè?  
Nan kilès mwen dwe kwè?  
Ki legliz mwen  
dwe chwazi?

Reponn pa VRÈ (V) oubyen FO (F)  
\_\_\_\_ Bib la se sèl vrè gid lavi mwén.  
\_\_\_\_ Tout predikatè yo fonde sa yap di yo sou Bib la.  
\_\_\_\_ Li enpòtan non sèlman pou w'ap etidye Bib la, men pou w'obeyi li.

Nou poze jan de kesyon sa yo paske nan mond nap viv la souvan chaje ak konfizyon. Kilès ki gen verite a? Kòman m kapab pran yon seri bon desizyon?

### BIB LA ENDIKE BON CHEMIN AN

1. Nan yon mond kote anpil moun pretann ke se yo ki gen verite a, ki kote nou kapab jwenn verite sa ? \_\_\_\_\_ Jan 17:17

2. Kisa ki pi kòrèk ?:  Bib la gen ladann verite a.  
 Bib la se verite a.



3. Kisa etidye Bib la pote nan lavi nou ?

Sòm 119:98 \_\_\_\_\_

Sòm 119:130 \_\_\_\_\_

4. Etidye Bib la enpòtan, men nou dwe konprann sa Matye 7:24-27 la di.

Konsa, moun ki \_\_\_\_\_ pawòl Kris fenk sot di a epi ki \_\_\_\_\_ lap tankou yon moun lespri ki bati kay li sou wòch. (v. 24)

Men moun ki \_\_\_\_\_ pawòl Kris fenk sot di a ep ki \_\_\_\_\_ , lap tankou yon moun fou ki bati kay li sou sab.(v.26)

5. Ki diferans esansyèl ki genyen ant moun ki bati kay yo sou wòch la ak moun ki bati kay yo sou sab ? \_\_\_\_\_

6. Selon Jan 7:17, moun ki kapab fè diferans ant sa ki verite a ak sa ki erè se moun ki \_\_\_\_\_

Selon pasaj sa a, li pa sifi pou n konnen sa pawòl Bondye di di, nou dwe prêt pou n obeyi ak sa pawòl Bondye di. Gade tou Jak 1:22-24.

### PRAN PREKOSYON AK FO DOKTÈ YO

7. Si yon predikatè popilè, èske sa vle di mesaj li a chita sou bib la? Wi  Non

8. Anpil predikatè ak ansenyan bib la parèt kapab lè yap pale de Bondye, men yo pa fòseman ap di laverite. Kisa Matye 7:15 ansenye nou ?

### MOMAN DESIZYON AN

Aprè ou fin etidye leson sa, petèt ou ka rann kont, nan tan pase yo ou te manke disèneman espirityèl.

Petèt ou te konn ap tande move konsèy oubyen ou te manm yon legliz ki te konn ap manipile manm li yo : k'ap chache domine sou yo olye pou fè yo etidye Bib la pou tèt pa yo. Oubyen ou kite kèk predikatè emosyonèl ap mennen w san w pa chache analize mesaj li yo .

Kèlkeswa rezon an, si w rann ou kont fòk ou bezwen plis disèneman, kisa ou ka fè nan ka sa a?

Raple ou sa ou te aprann nan leson sis (6) la. Pou w detekte yon fo lajan, moun ki sou kès la fèt pou konnen sa ki bon lajan an. Li pa posib pou n etidye tout kalite fo lajan ki genyen yo. Sa sifi pou li pou l byen konnen lajan ki bon yo pou l ka detekte fasilman fo lajan yo.

Pou disèn verite ki gen erè ladan l, li nesesè pou w byen konnen Bib ou.

- Jodi a mwen deside pase plis tan mwen nan etidye pawòl Bondye a.
- Map gen moman meditasyon mwen yon \_\_\_\_\_ (È) chak jou



Siyati

Dat

## APWOFONDISMAN

Kòman m'ap kapab konnen volonte Bondye pou gwo desizyon yo nan la vi m ?

Al wè apenndis ki gen pou tit : Konnen volonte Bondye.



Ki legliz?

## SIJÈ POU REFLECHI

Kèk legliz chita konfyans yo sou tradisyon reliyon yo pito ke sou Bib la. Pafwa tradisyon sa yo tòde sans verite a ki nan Bib la.


Èske ou gen kèk egzant sou tradisyon reliyon yo ki pa baze sou sa ki ekri nanbib la?

---

---

---

## AFÈMISMAN



**Li 2 Korentyen 8-13**  
ak Sòm 17 semèn sa a  
(yon chapit pa jou).

## Aprann pa kè 2 Timote 2:15

«Fè jefò pou w ka resevwa Iwanj nan men Bondye tankou yon travayè ki pa wont travay li fè, yon travayè ki fè konnen pawòl verite Bondye a jan li ye a.»

9. Kòman nou kapab rekonèt yon vrè sèvitè (oubyen yon sèvant) Bondye ?  
Matye 7:16-17 \_\_\_\_\_
10. Kòman 2 Timote 2:15 di nou pou n itilize pawòl Bondye a ? \_\_\_\_\_  
Ap toujou gen tantasyon pou n chanje sans pawòl Bondye a pou n fè li di sa nou vle di a oubyen sa tout moun ta renmen nou di a. Gade 1 Tesalonisyen. 2:3-6
11. Èske genyen kèk predikatè kap chanje sans pawòl Bondye a ? Wi  Non   
Kòman nou kapab rekonèt yo? \_\_\_\_\_

## KÒMAN POU N CHWAZI YON LEGLIZ KAP PRECHE VERITE A

Kesyon sa yo kapab pèmèt nou evalye yon legliz.

- Wi  Non  Èske ansèyman yo fè pase trè klè mesaj Bib la avèk metòd?  
Wi  Non  Èske dirijan yo, yo se moun ki gen konfyans nan Bondye? Èske yo genyen fwi Sentespri a?  
Wi  Non  Èske ou santi w lib pou w reflechi ou menm san w pa oblige swiv sa predikatè a ap di de je fèmen ?  
Wi  Non  Èske pagen moun k'ap jwe nan may ou oubyen k'ap ba w presyon espirityèl ?  
Wi  Non  Èske manm legliz yo montre enterè ak konpasyon yonn pou lòt?  
Wi  Non  Èske se ansènyeman Bib la ki pran devan sou emosyon yo?  
Wi  Non  Èske kretyen yo ankouraje pou yo etidye Bib la yo menm?  
Wi  Non  Èske Kris la leve pi wo ke responsab legliz yo ?  
Wi  Non  Èske mesaj yo bay moun plis fòs ke yo dekoraje moun ?  
Wi  Non  Èske yo chita plis sou lagras ke sou lalwa ?



## ENTÈPRETASYON BIB LA

Poukisa gen anpil konfizyon sou zafè yon seri pasaj nan Bib la ? Prensip sa yo pral ede nou entèprete kòrèkteman pawòl Bondye a.

- Ekriti yo dwe fèt pou li avèk yon lespri ki ouvè, sansib ak sa Sentespri a vle ansenye a. lide yo ki te gentan nan tèt ak prejije yo dwe mete sou kote.
- Entèprete Bib la literalman. Pawòl yo ki nan bib la dwe fèt pou konprann nan sans nòmal yo, san ou pa bezwen ap chache ba yo sans espirityèl oubyen ap chache sans kache yo.
- Kenbe nan panse w kontèks vèsè a lè wap chache entèprete li. «Kontèks» la, se vèsè ki vini anvan yo ak aprè yo, menm jan ak dat ak kote liv la te ekri a. Si nou pa konnen kontèks la, nou gen chans pa gen verite a nan men nou.
- Kite se Bib la menm ki entèprete tèt li lè w'ap konpare yon pasaj avèk yon lòt. Yon pasaj ki difisil ou byen ki pa fin klè dwe toujou entèprete pa yon seri de lòt pasaj ki pi klè kote sans li parèt vizib .
- Konsidere figi estil tankou metafò yo (imaj), konparezon yo, analogi yo (resanblans), ipèbòl yo (egzajerasyon) elatriye. Pa egzant lè Kris la te di « mwen se chemen an » li te itilize yon metafò

## 13<sup>ème</sup> etap

### Pale sou Kris



Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- Mwen lib pou m deside si m dwe evanjelize oubyen non.
- Majorite moun ki sou latè prale nan syèl.
- Yon vrè evanjelis gen yon kè sansib pou sa yo pèdi.

#### POUKISA YO EVANJELIZE ?

1. Kisa Women 3:10-12, 23 di sou eta lemond ? \_\_\_\_\_

Pèsonn moun pa ka di li bon pou l ale nan syèl avèk pwop efò pa l yo, nou tout bezwen Kris.

2. Matye 7:13-14 pale gen 2 chemen ak 2 kote diferan.

Chemen ki fasil la ap mennen nou \_\_\_\_\_

Chemen ki jis la ap mennen nou \_\_\_\_\_

Ki sò ki rezèvè pou yon seri de moun? \_\_\_\_\_

3. Matye 7:15. Youn nan rezon kifè plizyè moun pèdi, se paske genyen anpil \_\_\_\_\_. Jezi rele fo doktè sa yo «lou» ki kouvri avèk po mouton, fo ansènyeman parèt prèske tankou yon bagay ki ka atire moun oubyen yon bagay ki bon.

4. 1 Jan 2:28 la di nou ann \_\_\_\_\_ ak Kris la, konsa lè Kris la va parèt na gen \_\_\_\_\_ epi jou la vini an, nou pa'p \_\_\_\_\_.

Sak yo ki rete fidèl ak Kris ap obeyi kòmandman l pou pote bòn nouvèl la bay tout moun. Nou pa konnen ni ki jou ni kilè, men chak jou'k pase n'ap pwoche pi prè retou Kris. Women 13:11

5. Evanjelizasyon se pa yon chwa pou kretyen an. Se pa yon bagay nap fè lè nou gen anvi fè l. Ekri anba, kòmandman nou jwenn nan pasaj sa yo..

Matye 28:19 \_\_\_\_\_

Travay 1:8 \_\_\_\_\_

2 Timote 4:2 \_\_\_\_\_

Kòm nou wè li, pote bòn nouvèl la se yon kòmandman, se pa yon konsèy ; men pou fè pase bon jan mesaj sa a, gen kèk kondisyon yo mande kretyen.

#### KONDISYON POU YON EVANJELIZASYON POTE FWI

6. Jan 3:3. Yon moun kap pote bòn nouvè la dwe \_\_\_\_\_

7. Selon Jan 15:4- 5, nou dwe fè \_\_\_\_\_ ak Kris.  
Sa vle di viv ansanm ak Kris, epi depann de li.



Li Revelasyon 20:11-15 epi chwazi yonn nan opsyon sa yo:

- Èske ou vle pou fammi w ak zanmi w yo al jete nan letan dife a ?
- Èske w ta renmen wè yo pito nan lavi etènèl avèk ou nan syèl la? Revelasyon 21:1- 7



#### DEVWA

Depi jodi a menm, mwen pran angajman pou m priye pou moun sa yo : Mwen mande Bondye pou ban mwen okazyon pou m pale avèk yo de Kris.

---



---



---



---



---



**CONSÈY  
POU MOUN  
K'AP PATAJE  
KONFYANS YO  
NAN BONDYE**

1. Se pou ou sensè. Moun w'ap pale yo ap wè si ou reflechi sou sa w'ap di a.
2. Fè atansyon a jan w'ap prezante ou( liyèn pèsonèl, abiman ki adapte, elatriye)
3. Se pou w fè yo renmen w. Fason ou di yon bagay k'onn souvan pi enpòtan ke sa ou di a.
4. Se pou w gen koutwazi. Objektif la se pa sèlman pou w gen rezon.
5. Tande. Sa ap pèmèt ou bay levanjil la pi byen.
6. Aprann kèk pasaj nan bib la pa kè pou ede w bay bòn nouvèl la.

**LÒT SIJÈ REFLEKSYON**

Ekri egzijans 1 Pyè 3:15 fè yo epi reflechi sou yo.

---




---



---



---



**AFÈMISMAN**

**Li 1 Timote 1-6**  
**epi Sòm 18** semèn sa (yon chapit pa jou).

**Aprann pa kè Women 10:15**

«Si pa gen pèsonn pou fè konnen mesaj la ? ki jan pou yo fè konnen mesaj la, si pa gen moun yo voye pou sa ? Dapre sa ki te ekri a : Ala bèl bagay lè ou wè moun k'ap pote yon bòn nouvèl ap vini !»

8. Selon Matye 9:36; 14:14. Nou dwe \_\_\_\_\_ pou moun yo menm jan ak Kris.
9. Selon Matye 7:29, nou dwe pale ak \_\_\_\_\_. Sa pa vle di nou dwe ap mache geri malad yo oubyen mache fè mirak men apiye nou pito sou sa ki ekri nan pawòl Bondye pou nou bay mesaj nou an. Bib la s'on zouti pisan : nou kapab konfyé nou nan li pou n konvenk moun yo sou sa yo bezwen yo. Sou tout sa, lavi nou dwe montre kisa pawòl Bondye a ka fè. (Matye. 5:16).
10. 2 Timote 1:8 Nou pa bezwen \_\_\_\_\_

**DEVWA YON MOUN KAP POTE BÒN NOUVÈL LA**

**Priye :** Mande Sentespri a pou l gide nou avèk fòs lè n'ap bay levanjil la nan moman ki favorab la.

**Chache nan pawòl Bondye:** kòm moun k'ap bay mesaj Bondye, li enpòtan pou w etidye detanzantan sa ki ekri nan liv la, paske se liv sa ki pale sou Kris la. (Jan 5:39).

**Aprann nan tèt ou plan sali:** Konsilte senp plan lavi a ke nou jwenn nan appendis la epi aprann li pakè. Sa ap pèmèt prè lè w'ap pale sou Kris la chak fwa okazyon an prezante. Lè ou gen plan yo nan tèt ou sa ap fè w santi w pi alèz e gen plis konfyans nan tèt ou lè w pral pale.

**KÒMAN POU KÒMANSE YON KONVÈSASYON LÈ W'AP EVANJELIZE**

Kite Sentespri a mennen ou pou l ka ouvè pòt k'ap pèmèt ou pale. Keson sa yo ap kapab ede w komanse konvèsasyon an.



- Sipoze ke ou dwe mouri jodi a epi Bondye mande w «Poukisa mwen ta dwe kite w antre nan syèl la?» ki repons ou ta dwe bay? Repons la pral montre si moun nan konprann levanjil oubyen si li konte sou bon zèv li yo pou l kapab sove.
- Selon oumenm, kisa ou dwe fè pou w ale nan syèl ? Èske w ta renmen konnen kisa Bib la di sou sa ?
- Si yon moun vini rakonte ou yon pwoblèm li genyen, mande li : Èske ou ta renmen mwen priye pou ou kounyeya? Pi fò moun ta di w mèsi ou pou enterè ou montre pou yo ak pou lapriyè w. Sa t'ap tou pèmèt geny'on pòt ki rete ouvè pou lòt konvèsasyon.
- Souple èske w ta kapab di mwen sa w panse sou bwochi sa? Si moun nan di wi, ba li yon ti liv sou evanjelizasyon oubyen yon bwochi.
- Si konvèsasyon an vire sou zafè tankou pwoblèm lemond oubyen kominote w'ap viv la ap travèse (divizyon nan fanmi, krim, dwòg, elatriye) poze kesyon sa : selon oumenm, ki s'ak solisyon tout pwoblèm sa yo ? Èske w konnen bib la bay repons yo sou sijè sa a?
- Èskew si, si w mouri ou pral nan syèl ? Èske ou ta renmen konnen kòman ou ta kapab gen asirans sa?
- Ki kote ou ye nan pelerinaj espirityèl ou?
- Èske yo te di w déjà kòman w ta kapab konnen Bondye? Èske w ta renmen konnen kisa Bib la sou sa?



Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- \_\_\_ Anlèvman an ak tribilasyon an se menm bagay.  
 \_\_\_ Yon jijman tèrib ap tann moun ki pa kwè yo.  
 \_\_\_ San zatann, Kris kapab vini pran kreyten nan prezans li.

Pafwa lè nou gade konfizyon ki domine nan lemond, nou poze tèt nou kesyon : kisa lavni rese pou nou? Èske se Bondye ki toujou gen kontwòl lemond ? Bib la rakonte plan souveren Bondye pou lavni. Leson sa ap konsantre l sou detay yo nan plan sa.

## Kalandriye pwofetik la

| Anlèvman an  | Legliz la        | Tribilasyon an  | Dezyèm retou a | Milenyòm nan | Etènite | Leve sotivivan nan lanmò moun ki pat kwè yo pou dènye jijman Gran Twòn Blan |
|--|------------------|---|----------------|--------------|---------|---|
|  | Epòk kounyeaya a | 7 an  |                | 1000 an      |         |   |
| Leve sotivivan nan lanmò moun ki te mouri nan Kris |                  | Retou Kris sou latè.  |                |              |         |   |
| Kreyten ki vivan yo pral monte                     |                  | Leve sotivivan nan lanmò kreyten Ansyen Testaman yo epi tribilasyon |                |              |         |   |

### ANLÈVMAN AN

Bib la ansenye ap gen yon moman nou pat panse k'ap vini, Kris ap vin chache legliz. Evènman sa ap rele anlèvman. San zatann, Kris kapab vini sou gwo nyaj yo pou anlve legliz la. Anlèvman an pa menm bagay ak dezyèm retou nou pral etidye nan lòt lesion an. 1 Tesalonisyen 4:13-18; 1 Korentyen 15:51-53

Li 1 Tesalonisyen 4:13-18. La a Pòl ap reponn ak kesyon pou konnen ki sa'k rezèv pou kreyten ki mouri yo. Ann wè kòman l reponn kesyon sa a:

1. Kisak pral pase lè twonpèt la va sone epi Senyè a menm va desann sot nan syèl la ?  
v. 16b \_\_\_\_\_  
v. 17 \_\_\_\_\_
2. Kilès k'ap vin chache nou ? v. 16 \_\_\_\_\_
3. Ki kote nou pral rankontre Senyè a ? v. 17 \_\_\_\_\_
4. Ki kote nou pral ye aprè anlèvman ? v. 17 \_\_\_\_\_

### REFLECHI SOU SA

Èske w gen yon moun ki te chè pou ou ki mouri ? Si li te kreyten, kòman w santi w aprè w fin medite sou 1 Tesalonisyen. 4:13-16 ?

---

---

---

---

---

---

Èske Bib la ansenye ke tout moun ki nan relijon yo ap anlve ?

Wi  Non

Èske sa posib pou gen kèk moun ki di yo se kreyten, epi ki pa sa vrèman?

Wi  Non

Èske w panse gen moun nan Legliz ou a ki di yo se kreyten, men ki pa sa vrèman?

Wi  Non

Kisa ki rezèv pou yo pandan anlèvman an ?

---

---

---

---

---

---

## AFÈMISMAN

**Li 2 Timote 1-4  
ak Sòm 19-21**  
semèn sa  
(yon chapit pa jou).



### Aprann pa kè 1 Tesalonisyen 4:17

«Aprè sa, nou menm ki va vivan toujou lè sa a, y'ap vin pran nou, nou menm ansanm ak moun ki soti vivan nan lanmò yo, yap mete nou sou nyaj yo pou n'al kontre Senyè a anwo a. Konsa, nou tout n'ap toujou ansanm ak Senyè a.»

### LÒT SIJÈ REFLEKSYON

Plizyè moun tande bòn nouvèl la men yo refize aksepte Kris y'ap di : «Si tout sa ki di sou zafè anlèvman an se verite epi yon jou tout kreyen yo pral disparèt alò m'ap aksepte Kris.»

Avèk limyè pawòl Bondye a bay sou zafè tribilasyon an, kisa w'ap di ak moun sa yo? Anvan w'reponn ak kesyon sa, li Revelasyon 20:4 pou wè sa ki pral rive anpil moun ki pral aksepte Kris nan moman tribilasyon an

---




---



---



---



*Li 1 Korentyen 15:51-53 epi reponn ak kesyon sa yo:*

5. «Se pa nou tout \_\_\_\_\_ men nou tout gen \_\_\_\_\_ » v. 51  
Mo «dòmi» se yon fason pou di mouri. Tout kreyen yo p'ap gentan mouri; paske ap gen nan yo k'ap anlve san yo pa konnen lanmò. Èske se tout kreyen ki vivan yo k'ap anlve oubyen se kèk gress la dan yo sèlman? \_\_\_\_\_
6. Nan moman anlèvman an, moun ki gen kò ki fèt pou pouri, yo gen pou resevwa yon lòt kò ki p'ap \_\_\_\_\_ epi moun ki gen kò k'ap mouri a yo gen pouvwa pou resevwa yon lòt kò ki \_\_\_\_\_ v. 53  
Selon oumenm, kisa sa vle di ? \_\_\_\_\_
7. Konbyen tan anlèvman an ap dire ? v. 52 \_\_\_\_\_

An rezime : San zatann, Kris kapab vini pou l pran legliz li a. Nan yon tikadè, kreyen ki te mouri yo pral leve soti vivan nan lanmò, answit kreyen ki ankò vivan yo pral anlve pou yo avèk Kris pou toujou. Moun ki vivan yo menm jan ak moun ki mouri yo pral transfòme: Y'ap resevwa yon lòt kò ki p'ap ka soumèt anba feblès, anba maladi ak peche.

### TRIBILASYON AN

Bib lan ansenye tou, aprè anlèvman an ap gen gwo latwoublay nan lemond pandan 7 an.

8. Matye 24:21 an di va genyen \_\_\_\_\_ moun pokò janm wè depi nan kòmansman lè Bondye t'ap kreye latè a jous jodi a epi p'ap janm gen yon lòt tankou l ankò. Vèsè 22 a di: si yo pat wete kèk jou sou jou sa yo pèsonn pa ta sove.

### Liv Revelasyon an dekri gwo pèsekisyon an konsa:

- Bondye pral vide gode kòlè li a sou moun kap fè peche yo. (Revel. 14:19-20)
- pral genyen 3 tip de jijman (Revel. 6, 8-9, 15-16) ki pral deroule sou fòm lagè, grangou, epidemi ak tranblemann tè. Plus pase mwatye moun sou latè pral mouri. Yon tyè (1/3) nan pye bwa yo, nan bon dlo ak bèt vivan nan lanmè yo mouri. Lèzòm pral toumante pandan 5 mwa ak doulè ki si tèrib yo va chache lanmò, men yo p'ap jwenn lanmò.
- Lemond antye pral anba dominasyon Antikris, sila ki declare Bondye lènmi an ak tout pèp Bondye a. (Revel. 13:3, 4, 7)
- Anpil nan sa yo ki chwazi pou rete fidèl ak Bondye pral pèsekite, jiskaske yo mouri (Revel. 6:9-11; 7:9-14; 20:4). Pral genyen yon pèsekisyon ki tèrib kont Izraèl. (Revel. 12; Matye. 24).
- Ap gen anpil fo pwofèt ak fo reliyon, k'ap fini pa adore antikris la nan tout lemond. (2 Tesalonisyen. 2:3-4, 9; Revelasyon. 13:8, 11-18).
- Gran tribilasyon an ap pran fen avèk retou Kris sou latè pou jije dyab la ak etabli wayòm li an.



## 15<sup>ème</sup> etap Plis sou lavni

Reponn pa VRÈ (V) ou FO (F)

- \_\_\_\_\_ Dezyèm retou Kris la ap bay anpil kè kontan nan pi fò moun k'ap viv sou latè.  
\_\_\_\_\_ Yon jou, Kris ap retounen pou l' jije ak pou domine sou tout lemond.  
\_\_\_\_\_ Moun ki pat moun Kris yo pral jije epi jete nan letan dife a.

### DEZYÈM RETOU KRIS LA

Kontrèman ak anlèvman an kote Kris vini san li pa fè moun sou latè wè li, Bib la pale de retou vizib Kris la sou latè. Nan fen grand tribilasyon an, nan moman lemond pral kòmanse ap detwi, Kris pral vini pou l' jije lemond ak etabli wayòm li an pandan 1000 an.

1. Kilès moun k'ap wè dezyèm retou Kris la sou tè a ? Revelasyon 1:7

---

2. Kòman moun yo pral reyaji lè Kris vini ? \_\_\_\_\_

*Li Revelasyon 19:11-16 epi reponn a kesyon sa yo:*

3. Lap vini jan sa dwe fèt pou l' \_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_ v. 11

4. Kris t'ap kraze rezen yo nan moulen diven ? v. 15 \_\_\_\_\_

---

5. Kilès moun ki ta dwe pè dezyèm retou Kris la? \_\_\_\_\_

Okontrè, pou moun ki t'ap mache dwat yo, dezyèm retou a se yon moman rejwisans ki montre aklè fen dominasyon Antikris la epi kòmansman dominasyon san pati pri a.

6. Vèsè 11 la te rele l' \_\_\_\_\_.

Menm si li vini pou l' jije, jijman li a ap toujou dakò avèk laverite ak jistis. Chak moun pral resevwa egzateman sa li te merite.

7. Vèsè 16 la rele Kris \_\_\_\_\_.

Kris pral etabli yon wayòm pafè sou latè ; men anvan sa fèt l'ap retire tout mal ki nan lemond, pou dominasyon an li sou tout moun , kapab yon dominasyon kote pou mou nap viv ak kè poze ak jistis.

Pou rezime : Nan fen grand tribilasyon an, Kris pral retounen sou tè a pou fè 2 bagay : Pou jije ak pou domine. Jijman li an ap vrèman tèrib pou tout mechan yo, men rèy li a ap san parèy, ap gen jistis ak kè poze.

**MILENYÒM NAN** Lè Kris fin vini, Li pral mete sou pye yon wayòm ki genyen lapè ak jistis k ap la pou mil ane.

8. Ki kote Satan ap ye diran wayòm milenè a? Revelasyon 20:1-3

---

9. Ezayi11:4 pale sou milenyòm nan tankou yon moman \_\_\_\_\_  
pou pòv yo ak yon moman \_\_\_\_\_ pou mechan yo.

10. Kòman Ezayi 11:6 pale sou kè poze k'ap genyen pandan milenyòm nan ?



### REFLECHI SOU SA

Pou sitiyasyon k'ap pase nan lemond jounen jodi a, kretyen yo kapab fasilman dekoraje, pandan y'ap mande si Bondye toujou kenbe vrèman vre anba men l tout kontwòl lemond.

Malgre tout aparans, pwofesi yo ki nan bib la ban nou yon lide diferan ki pèmèt nou wè bagay yo jan yo ye a vrèman vre.

«...Bondye nan syèl la pral fè yon lòt chèf parèt, lap pran gouvènman nan men yo pou tou tan. Li p'ap janm pase yon lòt li. Men, l'ap kraze tout lòt pèp yo, l'ap detwi yo. Li menm l'ap kanpe la pou toutan.» Danyèl 2:44


«Men, moun k'ap viv pou Bondye ki anwo nan syèl la pral resevwa gouvènman nan men yo. Y'ap kenbe l pou toutan toutan.» Danyèl 7:18

## VERIFIKASYON

1 Korent. 3:11-13 pale sou differan materyo konstriksyon nou itilize pou bati lavi nou. Ki materyo ki pi domine nan lavi nou?

- Lò, lajan ak bèl wòch ki koute chè
- Bwa, zèb chèch ou byen pay

## NOU TOUT DWE RANN KONT BAY BONDYE...



## DEVWA

Ekri non moun ou konnen yo ke non yo pa ekri nan liv lavi a.

---

---

---

Ou kapab fè yon bagay pou w kontribye nan chanjman destinasyon etènèl moun sa yo. Mande Bondye pou ba ou yon okazyon pou w pale avèk yo de Kris.



## AFÈMISMAN

Li Revelasyon 19-22 epi Sòm 22-24 semèn sa (yon chapit pa jou).

## Aprann pa kè 2 Korentyen 5:10

«Paske nou tout nou gen pou n konparèt devan Kris la pou li ka jije nou. Lè sa a, chak moun va resevwa sa ki pou li / d'apre byen osinon d'apre mal li te fè antan / te nan kò sa a.»

11. Dyab la p'ap gen dwa pou l fè sa ki mal ni detwi, paske tout moun sou latè pral plen \_\_\_\_\_. Ezayi 11:9

## JIJMAN TRAVAY CHAK KWAYAN

12. Li 2 Korentyen 5:9-10. Pòl toujou ap chache fè Senyè a plezi, poukisa?

v. 10 \_\_\_\_\_

13. De kisa nou pral rann kont devan twòn jijman Kris la? v. 10

14. 1 Korentyen 3:11-15, konpare travay kèk kretyen avèk lò, ak lajan epi ak bèl wòch ki koute chè ki pral reziste anba dife jijman Bondye a. Travay lòt kretyen yo ki tankou bwa, zèb chèch ak pay p'ap ka kenbe devan zeprèv dife jijman Bondye a.

Si dife a pa boule travay yon kretyen batí sou fondasyon an, l'ap resevwa \_\_\_\_\_ (v. 14). Si dife a boule travay kretyen an, l'ap \_\_\_\_\_. L'ap \_\_\_\_\_, men tankou yon moun ki chape nan yon kay k ap boule (v. 15). Sa vle di nan moun k'ap sove yo, genyen ki pral kanpe devan Bondye san anyen nan men yo : yo p'ap gen anyen nan men yo pou yo montre Senyè a pou yo jwenn yon rekompans.

## JIJMAN MOUN KI PAT KWÈ YO DEVAN GWO FOTÈY BLAN AN

Revelasyon 20:11-15 pale sou jijman travay moun ki pat kwè yo ki kanpe devan gwo fotèy blan.

15. Kilès ki pral jije? Èske gen moun k'ap chape anba dènye jijman an? v. 11-13

16. Kisa'k pral rive moun sa yo ki pat gen non yo ekri nan liv lavi a? v. 15

17. Kòman Revelasyon 14:10-11 pale sou letan dife a ? \_\_\_\_\_

18. Kilès lòt ki pral jete nan letan dife a? Rev. 20:10 \_\_\_\_\_

## LETÈNITE

19. Women 8:21, yon lè kreyasyon an va delivre anba \_\_\_\_\_ pou l ka \_\_\_\_\_

Aprè wayòm milenè a ak jijman devan gwo fotèy blan, Bondye pral detwi tout latè epi kreye yon lòt syèl, yon lòt latè, yon lòt site, nouvèl jerizalèm selès la (Revelasyon 21:1-3). Nan site selès sa, Bondye pral abite ak moun pami nou kite rachte yo.

20. Depi nan vèsè sa yo ki nan liv Revelasyon an, ekri kèk kondisyon ki pral domine nan Jerizalèm tou nèf la ak nan nouvèl tè a.

21:4 \_\_\_\_\_

21:27 \_\_\_\_\_

22:3 \_\_\_\_\_

22:5 \_\_\_\_\_

## Apennidis 1

### Konnen volonte Bondye

1. Èske ou kwè li posib pou w konnen volonte Bondye? Gade Sòm 32:8.
2. Èske ou prè pou w obeyi volonte Bondye jan'l ye a, oubyen tou senpleman ou vle konnen volonte sa a yon fason pou w ka deside si se chwa ou vle fè a? Jan 7:17
3. Èske w déjà pran desizyon pou w lage tout lavi ou nan men Kris? Si w poko, medite Women 12:1-2 epi chache konsèy kretyen ki gen matirite.
4. Èske gen yon peche ou poko konfese nan lavi ou ? Èske w panse ou ka mennen yon lavi nòmal, pandan ke ou kache Bondye kèk bagay? Si se sa, pran tan kounyeya pou w konfese peche sa a. Si w pa dispoze pou w fè fas kare ak peche w la, w'ap chache fè volonte Bondye pou gran mesi. 1 Jan 1:9; Pwov. 28:13; Sòm 66:18.
5. Èske ou obeyi ak sa Bondye vle w wè w'ap fè jou apre jou? Si se non, kòmanse jodi a. Sa ki pi enpòtan se obeyi ak sa ki pou nou parèt klèman kòm volonte Bondye. Pa egzanp, tout kòmandman nou jwenn nan Bib la se yon avi klè sou sa Bondye vle nou fè.
6. Petèt ou te deja pran desizyon w, yon fason pou w pa vrèman enterese tande konsèy lòt moun? Èske w reyèlman ta renmen konnen kisa Bib la di sou zafè desisyon ou sou wout pou w ta pran? Priye : Mande Bondye pou l ba ou yon kè ki dispoze pou fè volonte l, ke nenpòt volonte a. Filipyen 2:13.
7. Èske w komanse priye egzakteman pou zafè desizyon ou pa gen lontan pran? Ekri lide ou yo sou zafè desizyon sa a, epi komanse priye sou sa. Priye avèk lafwa, met konfyans ou Bondye ap gide ou. Jak 1:5-7, Mak 10:51
8. E pou vi priyè ou menm? Èske kontinyèlman ou an kominyon avèk Kris pandan jounen an? Èske ou li Bib la ak priye chak jou ? Si se non, pran angajman pou w komanse jodi a. Pandan w'ap meble lespri w avèk pawòl Bondye, w'ap aprann panse ak pran desizyon ki konfòm ak la pawòl Bondye a.
9. Èske Bondye pale avèk ou nan etid pawòl li a ? Èske ou wè kèk pasaj ki pouse ou fè kèk chanjman nan mòd de vi ou, oubyen fè kèk modifikasyon nan wout ou te chwazi a? Ekri nan yon kanè sa Bondye ap eseye di ou. Si w li Bib la san ke ou pa rann kont ke Bondye kòmanse ap mennen ou, kontinye li Bib la epi tann avèk pasyans.
10. Èske w gen tout enfòmasyon ki nesesè yo pou pèmèt ou pran yon bon jan desizyon ? Sinon, idantifye sa w dwe konnen an pou w kapab pran yon desizyon granmoun.
11. Fè yon lis ki gen kèk avantaj ak kèk dezagreman nan desizyon ou anvi pran an. Kalkile chak avantaj sa yo ak dezagreman sa yo nan eklèsisman pawòl Bondye a. Bagay yo pa toujou parèt menm jan lè nou te premye wè yo.
12. Kisa bon sans di ou fè?
13. Kisa ou vle fè ? Èske ou genyen yon preferans espesyal? Sòm 37:4
14. Anvan ou pran yon seri desizyon, èske ou mande tèt ou ki efè sa pral fè sou ou, sou plan espirityèl, fizik, emosyonèl, sosyal ak entèlektyèl. Medite sou verite ki bay nan 1 Korent. 6:12. Poutèt gen kèk bagay ki pa tipikman entèdi nan sa ki ekri nan pawòl Bondye, pa montre nesesèman sa a se yon bagay ki kòrèk oubyen fè moun grandi.
15. Èske ou te reflechi sou desizyon ou kòmanse pran an, pral jennen kèk lòt bagay ki sen nan lavi w. Èske sa ap fè w mennen yon vi byen materyèl, oubyen mennen yon vi plezi? Èske sa ap fè w genyen plis oubyen mwens kè poze? Mak 4:19
16. Nan ki nivo desizyon w lan pral afekte lòt moun yo? Èske pral fè lòt moun yo tonbe nan peche? 1 Korent. 10:23; Pwov. 14:21. Èske Senyè a ap ka jwenn glwa nan sa? 1 Korent. 10:31
17. Èske ou chache jwenn konsèy yon kretyen ki gen matirite? Pwov. 15:22
18. Desizyon ou deside pou w pran èske sa p'ap vyole yon kòmandman ki egzakteman nan Bib la ?
19. Si ou pa sèten sou ki chemen pou swiv, èske ou prè pou w tann pa lafwa jouk lè Bondye ba ou kè poze ak sikontans konvenab yo? Ebre 10:36
20. Si ou gen lapè anndan ou ak konviksyon sa a se volonte Bondye, genyen konfyans nan Bondye, se pouw aji selon lafwa ou. Women 14:23; Ebre 11:6

## Apenndis 2

### Ki mesaj nou? Yon rezime levanjil la

Gen plizyè fason ou ka bay levanjil la. Nou kapab itilize yonn oubyen lòt, men gen yon mesaj de baz ke tout moun dwe tande pou yo sove. Plan Sali anba a se yon adaptasyon de kat (4) lwa espirityèl.

#### 1. Bondye renmen ou epi I gen yon plan pou lavi ou.

**Jan 3:16** Bondye renmen nou.

**Jan 10:10b** Bondye gen yon plan pou lavi nou.

Poukisa se yon ti kras moun ki fè eksperyans ak lanmou bondye ak plan li pou lavi yo?  
Nap jwenn repons la pi ba a.

#### 2. Nou se pechè epi nou dozado ak Bondye.

**Women 3:23** Tout moun fè peche.

**Women 6:23** Konsekans peche yo, se lanmò espirityèl epi mete nou dozado ak Bondye.

**Efezyen 2:8-9** Sali a jwenn nan konfyans nan Bondye sèlman. Nou paka sove tèt nou pa bon zèv nou yo.

#### 3. Kris se sèl solisyon Bondye bay pou sove nou. Li mouri nan plas nou.

**Women 5:8,** Kris mouri nan plas nou.

**2 Korentyen 5:21** Li pran peche nou yo yon jan pou n ka vin jis.

**Jan 14:6** Jezi se sèl chemen ki bay lavi ki p'ap janm fini an.

**1 Korentyen 15:3-6** Kris te leve soti vivan pami mò yo.

#### 4. Nou dwe resevwa Kris kòm sovè nou.

**Jan 1:12** Nou dwe resevwa Kris pou kapab vin piti Bondye.

**Revelasyon 3:20** Nou dwe envite Kris nan lavi nou.


# Sètifikasi

Sètifikasi sa a akòde a

Poutèt li te tèmine avèk satisfaksyon tout leson yo te ki sou kou

## Nouvo Lavi a Nan Kris Volim 2

Lòt etap fondamental yo nan lavi kreyyen an



«Pram jouk mwen, mete l'sou zepòl nou.  
Pran lesón nan mwen. Paske mwen dou, mwen  
toujou soumet mwen tout bon devan Bondye.  
Konsa, n'a viv ak kè poze.» Matthieu 11:29

Pastè/Pwofesè

Dat